ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№142 (22.550) ● 2013 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 24, бэрэжьей ●Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Песегов А. Н. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етыным и Іуэхукі э

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и егъэджэныгъэ Іэнатіэм илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрыщыгъажьэм, кьыгщэхьуэ щ1эблэр гъэсэныгъэ егъэджэныгъэ я Іуэхум хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуищ1ам кьыхэкІыу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етын **Песегов Анатолий Никифор и кьуэм** - «Техник ныбжьыщ1эхэм я Нарткъалэ станц» муниципальнэ кІэзонэ еджапІэ Іуэхущ1апІэм ныбжьыщ1эхэм щ1эныгъэ щхьэхуэ етныныкІэ и педагогым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 5-м
№106-УГ

Петросян В. Г. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етыным и Іуэхукі э

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Щ1эныгъэ-егъэджэныгъэ лэжьыгъэм, щ1эныгъэ куу зыбгъэдэлъ Іэщ1агъэлІхэр гъэхъэзырыным и Іэнатіэм фыщ1эхэр зэрыщ1эм кьыхэкІыу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етын **Петросян Валерий Гурген и кьуэм** - щ1эныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт «Бэрбэч Хь.М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университету» федеральнэ къэрал бюджет еджапІэм педагог щ1эныгъэ егъэгъуэтыныкІэ и факультетым зэрырагъаджэ технологиехэмкІэ и кафедрэм и унафэщ1ым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 18-м
№111-УГ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым экономикэ шынагъуэншагъэр хъумэным, коррупцэм пэщІэтыным егъэщІылІа Іуэхухъмкі э и ведомствэхэм эзэдай комиссэм хэтхэр къэщтэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым экономикэ шынагъуэншагъэр хъумэным, коррупцэм пэщІэтыным егъэщІылІа Іуэхухъмкі э и ведомствэхэм эзэдай комиссэм мы къэдгъэлъагъуэгъэр хэту къэщтэн.

2. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым экономикэ шынагъуэншагъэр хъумэным, коррупцэм пэщІэтыным егъэщІылІа Іуэхухъмкі э и ведомствэхэм эзэдай комиссэм теухуауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм 2012 гъэм щ1ылъ щ1ылъэм и 30-м кьыдигъэкІа Указ №16-УГ-м и 2-нэ пунктым и ещанэ абзацым кьару имы1эжу къэлытэн.

3. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щ1ыщ1эздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 18-м
№115-УГ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 18-м кьыдигъэкІа Указ №115-УГ-мкІэ щІэгъэбыдащ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым экономикэ шынагъуэншагъэр хъумэным, коррупцэм пэщІэтыным егъэщІылІа Іуэхухъмкі э и ведомствэ зэхуаку комиссэм

ХЭТХЭР

Шевченкэ Ю. В. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм ипащэ, хабзэр хъумэным, коррупцэм пэщІэтыным егъэщІылІа Іуэхухъмкі э и управленэм и унафэщІыр *(ведомствэхэм эзэдай комиссэм и унафэщІи)*

Ажий В. Хь. - Федеральнэ налог Іэнатіэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэмкі э и управленэм и унафэщІым и къудзэр *(эзгурыІуауэ)*

Ахубеков Щ1. А. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм финансхэмкі э и министрым и къудзэр

Вындыжь А. Ж. - Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкі э министерствэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щ1ЫэЭкономикэ шынагъуэншагъэмкІэ, коррупцэм пэщІэтыныкІэ и управленэм и къудамэм и унафэщІыр *(эзгурыІуауэ)*

Гуанэ А. М. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм шынагъуэншагъэр, хабзэр хъумэным, коррупцэм пэщІэтыным теухуа Іуэхухъмкі э и управленэм террорист, экстремист дзжьыгъэм кьыхэкІыну мурад зыщІахэр мамыр гъашІэм хэзэгъэжьным щІэгъэкъуэн хуэхьуным теухуауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж щ1ы1э комиссэм и лэжьыгъэр зэтеуэхэныкІэ секторым и унафэщІыр *(ведомствэ эзэдау комиссэм и секретарри)*

Догучаев А. Ю. - Урысей Федерацэм Юстицэмкі э и министерствэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щІэ Управленэм и унафэщІым и дэІэпыкьэгъэр *(эзгурыІуауэ)*

Евгъэжьыкъуэ Хь. А. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Гъэпсыкіэм и президентыр *(эзгурыІуауэ)*

Кьыдышькъуэ А. И. - Хьэрычэтыщ1э мащІэмрэ курытымрэ защІэгъэкъуэныкІэ «Урысейм и щІэгъэкъуэн» урысейпсо жылагъуэ зэгъусэныгъэм и щІыналъэ къудамэм и унафэщІыр

Къумахуэ А. В. - Федеральнэ антипонопольнэ Іэнатіэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щІэ и Управленэм и унафэщІым и къудзэр

Мэзло Р. Б. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм экономикэ зыужьыныгъэмрэ хъярычэтыщ1э гъэкІэгъэтэныкІэ и комиссэм и унафэщІыр *(эзгурыІуауэ)*

Маргъущ Л. В. - Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щІэ Следственнэ управленэм и унафэщІым и къудзэр

Тлымыжь Хь. Хь. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къудзэр

Тхъу А. Д. - Финансхэ-бюджет кІэлъыплъныгъэмкІэ Федеральнэ Іэнатіэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щІэ щІыналъэ управленэм и унафэщІым и къудзэр *(эзгурыІуауэ)*

Хьэжу В. Щ1. - «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и промышленникэмрэ хъярычэтыщ1эхэмрэ я зэгухьэныгъэ» щІыналъэ къудамэм и президентыр *(эзгурыІуауэ)*

Чернышевэ М. Б. - «Жылагъуэ ахэрдэмхэм я «Къэбэрдей-Балькъэр. Дуней1мр дзрэ» институтым коммерцэу щ1ымыт и организацэу щхьхуэм и унафэщІыр *(эзгурыІуауэ)*

Ефэнды О. А. - Суд приставхэм я федеральнэ Іэнатіэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щІэ управленэм и унафэщІым и къудзэр *(эзгурыІуауэ)*.

● КъБР-м и Іэтащхьэ

Гъуэтыж Камилэ цІыкІу и гуфІэгъуэ

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 5-м КъБР-м и Іэтащхьэм и Интернет-егъэблэгъапІэм Іэрыхьащ Къулыкъужьи Ищхьэрэ къуажэм щытсэу Гъуэтыж Камилэ Заурбэч и пхъум къыбгъуэдэкІ тхыгъэ. Хъыджэбз цІыкІур КъБР-м и Іэтащхьэм телефонщІэ къыхуищэхуну елъэІурт. «Ямэ зыкъизэщауэ фІыщІэ пхузощІ! Сэ уэ фІыщІэу уэолъагъу!», - къытхащ сабийм. Тхыгъэм еджэри, Къанокъуэ Арсен езым и дэІэпыкъуэгъуэхэм пщэрылъ ящищІащ Камилэ цІыкІу телефон къыхуащІэхуну.

Иджыблагъэ Правительствэм и Унэм ирагъэблагъэри, хъыджэбз цІыкІум иратыжащ апхуэдизу зыщІэхъуэпса хьэпшыпхэр.

«Апхуэдизкі э ар а тыгъэм щыгуфІыкІыртри, уеблэмэ ямэ щІыкІэ и фІэщ хъуртэкъым къыхуэупсауэ. Зэпымыууэ къызэупщІыртт: Іэтащхьэм и деж нэсауэ пІэрэ си лъэІур?», - къыджеІащ хъыджэбз цІыкІум щІыгъуа и Іыхьлы цІыхубзым.

Камилэ тыгъэ гукъинэжым папщІэ Іэтащхьэм фІыщІэ хуищІащ икІи къигъэгугъащ «тху» фІэкІа къимыхьу еджэну.



● Зэпыщ1эныгъэхэр

ФІыщІэ къыхуащІ

«Кавказым мамырыгъэ щрырелэІ!» Ставрополь и къэпкъэм я зэгухьэныгъэм хэтхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Къанокъуэ Арсен фІыщІэ кьыхуащІащ Кавказ Ищхьэрэм мамырыгъэмрэ лъэпкъэм я зэгурыІуэныгъэмрэ щыгъэбыдэным хуэгъэзауэ къыхьалхьэ Іуэхуэхэмрэ жэрдэмхэмрэ пхыгъэкІыным щ1эгъэкъуэн зэрахуэхьум кьыхэкІыу.

А ЗЭГУХЬЭНЫГЪЭМ зэфІиГъэкІащ «Ди къарум и кьыхэкІыпІэр ди зэныбжьэгъуфырэр» жылагъуэ-политикэ Іуэхуу Урысей Федерацэм и махуэм егъэщІылІауэ щытар.

А лэжьыгъэр щагъэзащІэм, Ставрополь крайм и жылагъуэхэм я зэгухьэныгъэм и лІыкІуэхэр Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и республикэхэм я щ1ыхьэ псоми щ1ыІащ.

«ПщІэ зыхуэтщІ Арсен Башир и къуэ! Налшык дыэрыщ1ыІам, КъБР-м щ1ыщ къулыкъущІхэм, жылагъуэм, и цІыхухэм даэрыІуащІам хуабжьу арэзы дытехьэзу икІи кьыдаха хьэщІагъэр хуабжьу ди гум кьыхьауэ дыноль1эу жылагъуэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхуэхэр пхыгъэкІыным щ1эгъэкъуэн зэрыхуэхъум папщІэ фІыщІэ зэрахуэтщ1ыр тхуэжеІэжыну, - къыщ1эльэгъуащ КъБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен кьыхуагъэхьа тхыгъэм. - Ди фІэщ мэхьу апхуэдэ уи Іуэху бгъэдыхьэкІэм и фІыгъэкІэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэр дяпэкІи Кавказ Ищхьэрэм лъэпкъ зэхущытыкІэхэм эщыгъэхуэныным и Іуэхум зэрыкуэлэжьэнур».

Тхыгъэм Іэ щІадзащ Ставрополь крайм и жылагъуэ организацэхэм я союзым и унафэщІ Круталевич А. А., абы и дзІэпыкъуэгъуэхэу Адыханян Н. Г., Омаров А. М., Федосов П. С.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэ.

● Комиссэхэм

Иджыри центр 13

КъБР-м и ямэ вице-премьер Марыяш Ириней иригъэкІуэкІащ социально-экономикэ зыужьыныгъэ и лъэныкъуэкІэ кьалэнэхэм зэрехьулІэмрэ Урысей Федерацэм и Президентым и Указ щ1ыхь-хуэхъум щыгъэбелджылА пщэрылъхэр зэрагъэзащІэмрэ къэзыпщытэ комиссэм и эи чэзу зэІущІэр.

АБЫ ЩЫХЭПЛЪАЩ къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр зы щ1ыпІэм зэрыщ1ауэщІэр кьызэгъэпэща зэрыхъум. КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Мусуков Алий зэрыжиІамкІэ, ямэ мазихым къыриубыдэу кьалэн куэд зыгъэзащІэ центрым (МФЦ) къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэу мини 8-м нэблагъэ зэфІигъэкІащ.

- МФЦ-м ику иту махуэм цІыху 350-м зыхуагъаз, цІыху 20-м тещІыхьа зы щ1ыпІэм (зы щхьэгъубжэм) 17-м щадолажьэ,- къигъэльэгъуащ абы.

Къэрал муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр зы щ1ыпІэм щ1ызэфІ1зыгъэкІ, кьалэн куэд зыгъэзащІэ центрым и къудамэхэмрэ жылагъуэ пхыдзэхэм щ1ы Іэщ1апІэхэмрэ эрагъэужьын папщІэ, административнэ лъэпощхьэпохэр гъэмэщІэныр, къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъым хэгъэхъуэныр зэхуэзыгъэкІуэну комиссэм хэтхэр КъБР-м и Правительствэм и Унафэкіэ я щаащтащ. Республикэм къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр зы щ1ыпІэм зэрыщагъэзащІэну щ1ыкІэм и план-графикыр комиссэм тхылъкІэ щ1игъэбыдащ. Къ-щынэмыщ1Ауэ, кьалэн куэд щ1ызэфІагъэкІ центрхэр, абы хэм я къудамэхэр зэрыхагуэщэну схемэхэр къащтащ.

2015 гъэм и кІэух пщІондэ Къэбэрдей-Балькъэрым и кьалэ, район псоми МФЦ-хэр, дэтхэну жылагъуэм и я Іэщ1апІэхэр къыщ1эІуахьын хуейщ. Абы папщІэ кьалэн куэд зыгъэзащІэ центру 13 (щхьэгъубжи 139-рэ), жылагъуэ пхыдзахэм щ1ыпІэжьэну къудамэу 208-рэ къызэрагъэпэщыну къапэщытщ.

КЪЭРЭШЕЙ Элеонорэ.

● Къэрэш республикэм

Илъэс 75-рэ прикъунут

АДЫГЕЙ. ***Республикэм щагъэлъапІэ адыгэ усакІуэ, прозаик щ1эрыпсы Къуныкъуэ Палбий къызэратхъуурэ илъэс 75-рэ зэрырикъур. Ар къыщалъхуа Гъучъэж районым хьхьэ Къуныкъуэ-хьэблэ жылагъуэм абы и фэеплъ Іуэхугъуэхэр щ1ебэт кІуам щекІуэкІащ.***

ТХАКІУЭР псэужьамэ, и ныбжьыр бадзэуэгъуэм и 20-м илъэс 75-рэ прикъунэ. А юбилейм теухуауэ 2013 гъэр Къуныкъуэ Палбий и илъэс Адыгеймэ щагъэуващ. Фэеплъ махуэр спорт зэхьэзхуэхэмкІэ къызэІуахри, адэкІэ районым Щэнхабзэмкі э и унэм литературэ пшыхь щрагъэкІуэкІащ.

Адыгэ усакІуэ, тхакІуэ, драматург, философ щ1эрыІуэ Къуныкъуэ Палбий къызэрытхъэмытыжрэ илъэси 6 хъуащ. Ар, ди къэралым и мызакъуэу, хамэ къэралхэм, псом хэмыдэу адыгэхэр щыпсэуэхэм, къыщащІыхьурт.

Къуныкъуэ Палбий и щхьэгъусэ Жаннэ гукъэкІыжхэмкІэ гъэпсыкІа фэеплъ пшыхьым къырихьэлІаІуэм, абы и къызэгъэпэщакІуэхэм фІыщІэ яхуищІри, Іуэхугъуэм хэта ныбжьыщ1эхэм езы усакІуэм и Іэ зыщІэда фэеплъ тыгъэхэр яритащ.

Тхакіуэ, усакіуэ цІэрыІуэм и фэеплъым теухуа Іуэхугъуэхэм адэкІи къыпащэнщ.

Къалащхьэм и щІэблэхэм папщІэ

АБХЪАЗ. ***Сыхъум къалэ администрацэм ЩІалэгъуалэ Іуэхуэхэмрэ спортымкІэ и комитетым «Абхъазыр щІалэгъуалэм папщІэ» проектым ипкъ иткІэ, щ1ыхь-хуэхъум куэд зэтет Іуэхугъуэхэр къыщызэрегъэпэщ.***

КОМИТЕТЫМ и лэжьакІуэхэм сабийхэмрэ ныбжьыщ1эхэмрэ кьыдахьэхэуу махуэ кьэс спорт дзэгугъэр пщІанэ тІэкъм къыщыдзэрагъэпэщ. Ахэр аэроэккей, стІолыщхьэ теннис, футбол, баскетбол, бадминтон, дартс мэдзэгуэр. Адэкіэ абхъэмкІэ къыхэха командитІ яубыхьри, спорт лІэужьыгьуэ зыбжанэкІэ зохьэзохуэ. ТекІуэ гупым фэеплъ сыугъэт ират. Нэхъ щ1ыкІу дыдэхэм папщІэ мультфильм ягъэлъагъуэ. Зи гугъу тщІа Іуэхугъуэхэр «Синоп», «Келаср», «Районыщ1э», «Депо», «Вокзалхьэблэхэм щрагъэкІуэкІащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Іпэ зэхуэс

Щ1ыхубэр зэкъуэтмэ, лъэпкъхэр зэрыІыгъмэ, къэралри быдэ хъунущ

«Урысейм дрителъхьэщ». Щ1ыхубэ Фронт» урысейпсо жылагъуэ зэщІэхъеенныгъэм и Къэбэрдей-Балькъэр щ1ыналъэ къудамэр щ1ызэхаща конференц Налшык къалэ щекІуэкІащ.

ЗЭІУЩІЭР кьызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ конференцым и Іэтащхьэу хаха Канунников Анатолий. Абы къыхигъэщащ УФ-м и Президент Путин Владимир зи пашэ зэщІэхъеенныгъэм я быдэныгъэм и деж1э мыхьэнэшхэр зэрирІэр.

- Нобэ къызэдгъэпэщ щ1ыналъэ къудамэр Штаб нэхъыщхьэм къыщащта уставым тету пэжьынущ, - жиІащ Канунниковым. - Абы и кьалэн нэхъыщхьэр ди щ1ыналъэм, къэралым зегъэужьным щ1ыхубэм я гущІэ хегъэпхьэнырщ. Дэ къыштэщ1ыпІэ экономикэ лъэрыгъэхьэ зэрІэдгъэувэныр, ерыскъыкфІрэ хьэпшыпыфІрэ къыщІэзыгъэкІ Іэнатіэхэр къызэдгъэпэщыжыныр, щ1ыхубэм я псэукІэр егъэфІэкІуэныр. Абы папщІэ дэ зэщІэдгъэІуэн хуейщ урысей жылагъуэм и зэфІэкІымрэ и къарумрэ. Апхуэдэ мурадхэр кьыдэхъупІэнущ дыщыпсэу щ1ыналъэм щІэ хэтщ1ыщ. Щ1ыхубэр зэкъуэтмэ, лъэпкъхэр зэрыІыгъмэ, къэралри быдэ хъунущ, псэукІэри ерІэкІуэнущ, кьыдэкІуэтей щ1эблэм я пащхьэ щ1ытхь жэуапльныгъэмкІэ дыпэлъэщ1ынущ.

Конференцым щ1ызэхуэса ліыкІуэхэр Іэ1эткІэ арэзы техьэщ Канунниковым утыку кьрихьа Іуэхугъуэхэм: «Урысейм дрителъхьэщ». «Щ1ыхубэ Фронт» урысейпсо жылагъуэ зэщІэхъеенныгъэм Къэбэрдей-Балькъэрым щ1ыналъэ къудамэр кьызэІуихьным, абы и щ1ыналъэ штабым хагъэхьэнухэм (щ1ыху 24-рэ), зэщІэхъеенныгъэм и уставым, щ1ыналъэ къудамэм и къэзыпщытэ комиссэм хэтхэм.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Іуащхьэмахуэ щ1ыналъэ

ХьэщІэщ яуху

Мы махуэхэм Италием щыщ Іэщ1агъэдІ 15 щолажьэ Іуащхьэмахуэ и нпэр лъэныкъуэм метр мини 4000 зи лъагагъ и щ1ыпІэм. Абдеж щауху хьэщІэщ. Ар 2013 гъэм и фокІадэм кьызэІуахьыну я мурадщ.

«КАВКАЗ Ищхьэрэм зегъэужьыныкІэ корпорацэ» ОАО-м и лэжьакІуэ Чистяковэ Ольгэ и псалъэхэм зтепщІыхьмэ, хьэщІэщыр зэрахуэр Италием щащІа псэуалъапхьэщ.

Щ1ыщхьэІум и кІэухым хьэщІэщым и лэжьыгъэр ягъэужьащ. Нужьыкіэщ ар кьыщІэзІуахьнур.

Хьэщ1эщыр щ1ыкІу 48-м хуэщІащ. Зы жэщ-махуэ щ1ыпсэун папщІэ дэтхэнэми сом 2500-рэ хуэдиз итын хуейщ. Ямэ илъэсым хьэщІэхэм кьыІахьнур процент 30-кІэ нэхъ мащІэщ.

Іуащхьэмахуэ щ1ыІну ямэ бгы пьагэ хьэщІэщыр еухуэ «Кавказ Ищхьэрэм зегъэужьныкІэ корпорацэ» ОАО-м.

ТАРИМ Алисэ.

Дунейм щ1ыхъыбархэр

Я хэхъуэхэр зыхуэдизыр къагъэльэгъуэну хуагъэув

УФ-м и Іуэхущ1апІэ нэхъ нихэм ящ1ыщу 29-м я ущ1ыпІэхэмрэ лъэкІыгъэхэмрэ, къэрал къулыкъущІхэмрэ хуэдизу, дяпэкІэ къагъэльэгъуэн хуейщ я хэхъуэхэмрэ хэщІхэмрэ зыхуэдизыр.

«ДИ КЪЭРАЛ къулыкъущІхэм илъэс кІэс къагъэльагъуэ я мыльку зыхуэдизыр. Апхуэдэ хабзэ зэрыдгъэувар тэмэму тщІауэ щытащ, - жиІащ Правительствэм и Унафэщ1 Медведев Дмитрий зэІущІэр щригъэкІуэкІым. - Абы и фІыгъэкІэ ди щ1ыхуэхэм Іэмал яІэщ1ыкъ-лыкъущІхэм зигъэкІуэдхэмрэ кьахэхъуэхэмрэ зэрызэхуэкІуэм кІэльыпльыну».

Премьер-министрым кьыдзэрилъытэмкІэ, нэгъуэщІ Іуэхущ1апІэхэм я лэжьакІуэхэмэ я хэхъуэхэр зыхуэдизыр хэІущІыІу ящ1ыныр захуагъэщ. Апхуэдэ кьалэн зыщащІахэм хагъэхьащ «Олимпстрой» кьэрал корпорацэр, ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм зэхуэхІныгъэхэр щегъэкІуэкІыным пащІа фондыр, «Урысей гъущІ гъуэгухэр», «Урысейатом», нэгъэщІ Іуэхущ1апІэхэри.

«УкІытэ, Пауэр Самантэ!»

США-м и лъыкІуэу ООН-м щ1ыІэну ягъэувынум и кандидат Пауэр Самантэ иджыблагъэ жиІахэм игъэгубжьащ Венесуэлэм и унафэщІхэр.

Конгрессым и зэІущІэм Пауэр депутатхэр кьыщигъэгугъащ, а къулыкъум ягъэувмэ, Венесуэлэм щ1ыхухэм щ1ыкІызэрахьэ залымыгъэхэм ткІийуэ еблэныну.

«Пауэр зи гугъу ищІыр сыт хуэдэ залымыгъэ? Залымыгъэ щ1ызэрахьэр Штат Зэгуэтхэрщ, афроамериканцэхэр щ1ыкІрэ апхуэдэ щІэпхьаджагъэхэр зылэжьаэр сэтей кьыщамыщІу, Сноуден Эдвард хуэдэхэр, пэжыр зэрыжиІа Іуэхум щхьэкІэ, зэхэзехуэн щащІу», - къэгубжьауэ жиІащ Венесуэлэм и президент Мадурэ Николас.

Венесуэлэм нэгъэущІ къэрал Пауэрхэмкі э и министрствэм США-м и посольствэм хунгъэхьащ Пауэр кьыІэта псалъэмакъхэмкІэ хуабжьу зэрымыарэзыр кьызыхэщ тхыгъэ, щ1ыыкІэм зэрепльым теухуа жуаеи Унэ хужьым кьритыжыну хунгъэуващ.

США-м и къэрал секретарь Керри Джонрэ Венесуэлэм и МИД-м и унафэщІ Хауа Элиасрэ мазэ и пэкІэ зэІущІэу я зэхущытыкІэхэм хэпльэжьын, къэралитІыр гъунэгъу зэхуэзыщІыжьыну Іэмалхэр кьалтыхьыну зэрыгъэгуфІауэ щ1ытам иджы мыхьэнэ гъэнэфагъэ щ1эжу кьыщІэкІынукъым.



НОБЭ

● **Урысейм щагъэлъапІэ лъакъуэрыгъажэ спортым и махуэр.** 1883 гъэм Москва щекІуэкІауэ щ1ытащ апхуэдэ я ямэ зэпеуэр.

●1923 гъэм Инджылызым, Франджым, Италием, Японием, Алыджым, Румынием, Югославием - зы лъэныкъуэкІэ, Тыркум - адрейкІэ Іэ традзауэ щ1ытащ Лозаннэ мамырыгъэ зэгурыІуэныгъэ. Абы ипкъ иткІэ ягъэувауэ щ1ытащ иджырей Тырку къэралыгъэм и гъунапкъэхэр.

●1940 гъэм композитор, КъБР-м и щ1ыхьэ артист, УФ-м щ1ыхь зиІэ и артист, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Даур Асльэн** кьыдэрагъэкІуэ илъэс 73-рэ ирокъу.

●Философие щІэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор **Къэзан Хьэмзэт** и ныбжьыр ильэс 73-рэ ирокъу.

●ТхакІуэ, критик, литературэгъэзак, филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щ1ыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Гъут Іэдэм** и ныбжьыр ильэс 69-рэ ирокъу.

●Адыгэ усакІуэ, тхакІуэ **Хьэнэгу Саидэ** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щ1ыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытмкІэ, Налшык пшэртехьэ-текІыу щ1ыщ1ытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 26-рэ, жэщым градус 19 - 21-рэ щхьэхуэщ.

Зыгъэхъэзырар ЖЪЭКІЭМЫХЪУ Мариэщ.

Лъэпкъ Іущ1ыгъэ:

Гъурым цІынэри дос.

Республикэм щ1ыпсэухэм ящІапхъэщ

ІУЛЪХЬЭ зэрызэІэпахым, коррупцэм пыщІа Іуэхуэхэр зэрэлэжьым и ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хьыбархэм фыщІэгъуэзэмэ, сыт хуэдэ зэманым фыпсалъэ хьунущ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и деж щІэ 8 (8662) 47-17-79, 47-32-56 телефонхэмкІэ.

Сыт ЯПЭ игъэщыпхъэхэр?

●Абы дегъэпІейтей

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэм-кІэ министерствэу КъБР-м щыІэм 2013 гъэм и япэ ильэс ныкъуэм я лэжьыгъэм кьрикІуэхэр щыз-халъхьэжащ, кьапэщыт кьалэныщІэхэр щауБзыхуащ.

ЗЭУЩІЭР щыгъуэ дакъикъэкІэ къыщІадзащ. Ныбзэхуэсахэм 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 13-м щІэпхъаджащІэхэр кьатеуэу хэкІуэда полицэм и прапорщик **Верещагин Дмитрийрэ** полицэм и прапорщик **Кьуэн Аслъэнрэ** я фЕеплъым пщІэ хуащІащ, Къэбэрдей-Балькъэрым щыпсэуэхэм я къэкІуэнур мамыру щытыным зи гьащІэр щхьэуэныхь хуэзыщІа къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэм ІэнатІэм и лэжьакІуэхэр ягу кьагъэкІыжащ.

КьулыкъукІэ я кьалэныр щрахьэкІым кьагъэлъэгъуа лІыгъэм, хахуагъэмрэ псэемыблэжьныгъэмрэ папщІэ Урысей Федерацэм и Президентым и Унафэкіэ ЛІыгъэм и орден хуагъэфэщащ (мыпсэужу) КъБР-м щыІэ МВД-м и СОБР-м и ІэнатІэм и унафэщІ полицэм и подполковник **Щхьэгъуэм Мурат Гъумар и кьуэм**, Урысей Федерацэм и МВД-м и «Бахьсэн» кьуэдмэ уголовнэ кьэлыхьуэныгъэмкІэ и ІэнатІэм и уполномоченнэ нэхъыжь полицэм и капитан **Асанов Асльэн Руслан и кьуэм**, УФ-м и МВД-м Налшык кьалэмкІэ и управленэм уголовнэ кьэлыхьуэныгъэхэмкІэ и Іуэхуащ1ІэпІэм и оперуполномоченнІэ полицэм и лейтенант **Безыр Аэмэт Кьэбэч и кьуэм.**

Къэрал дамыгъэ льапІэхэр зыхуагъэфэщахэм я Іыхьлыхэм иратыжащ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэ **Вербицкий Алексейрэ** къэрал кІуэцІ ІуэхуэмкІэ министру КъБР-м щыІэ полицэм и генерал-майор **Васильев Сергейрэ.**

- ЗэфІэувэ щытыкІэр кьалъытэкІэрэ, КъБР-м щыІэ МВД-м и унафэщІхэм кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу экстремизмэм пэщІэтын, террор шыпсагъуэр гъэмэщІэн, цыхуэхэр щІэпхъаджагъэм щыхьумэн уиэтІныныгъэхэр пхыгъэкІыным трагъащІэ. Хабзэхьумэ ІэнатІэхэмрэ кьулыкъу хэхахэмрэ зэгъэуІуауэ зэрызэдзлажьэм бандэ гупым щытыкІэр кьагъэтІэсхьэну Іэмал иратакъым, - кьыхигъэщащ доклад ищІу кьэпсэльа министр Васильев Сергей.

Министрым кьихьа бжыгъэхэм кьыз-эрагъэлъагъуэмкІэ, зриплъэж мазихым хабзэнэшагъэкІэ зэрагъакІуэ Іэщэу 90, Іэщэ Іэмэпсымэ мини 7-м щІигъу, кьагьавуэ Іэрыщ1 Іэмэпсымэу 35-рэ кьыгъэрахащ. Зэман кІыхьым тещІыхьа бандэ гупым щыщхэм я егъэзыІпэу 6, Іэщэ гъэтІылъыгъэ 29-рэ, СВУ-хэр щагъэхьэзыр лабораторэ щІыкІу кьагъуэтащ. Террор хьэгъэщагъэ зезыхьэхэр мылъкукІэ кьыз-эрагъэпэщу 5 кьыщІагъэщащ, абыхэм ящыщу 2-р УФ-м и УК-м и 205,1 статьям и 1-нэ Іыхьэм кьыщыгъэльэгъуа щІэпхъаджагъэм (терроризмэм мылъку хуэутІыпщын) хуокІуэ. Ялэжьыну ягъэхьэзыр щІэпхъаджагъэ 73-рэ кьыз-эпаудащ.

Цыхуу укІыным екъэлІауэ ялэжь щІэпхъаджагъэу ятхар процент 54,3-кІэ, хьунщІэныр процент 20,1-кІэ, нэгъуэщІым и мылъку кьэдыгъуным екъэлІахэр процент 16,9-кІэ, транспорт дыгъуныр процент 45,7-кІэ нэхъ мащІэ хьуащ, бандэ Іуэхуу 8, зэгъэуІуа гупхэм ялэжьа щІэпхъаджагъэ 84-рэ сэтей кьащІащ.

Республикэм и экономикэр егъэфІэкІуэным, коррупцэм пыщІа Іуэхуэхэр кьыщІэгъэщынам икІи гъэкІуэдыным хуэунэтІа кьалэнхэр зэфІахІэкІэ, абы хьэлъэхэри, хьэлъэ дыдэхэри хьихьу, сэтей кьащІым процент 14,7-кІэ хэхъуащ. Къэрал властымрэ кьэрал кьулыкъум и сэфэн зыхэлъхэмрэ екъэлІа щІэпхъаджагъэу процент 40-кІэ нэхъыбэ кьыщІагъэщащ. Кьулыкъур кьэгъэсбэпынным, Іулъхьэ тын-къеІыхьным екъэлІауэ яубзыхуми хэхъуащ.

Лъэпкъ проектхэр щыпхагъэкІым ялэжьа щІэпхъаджагъэ 144-рэ сэтей кьащІащ.

Джэгуплэ щэху хэщІапІэу 217-рэ зэхуэщІыжащ. Хабззм кьемыззгъыу зэрагъакІуэ зэрыджэгу автомату 708-рэ, хьэщыкъ узыщІ джэгуэхэр кьыззгъэпэщыным икІи егъэкІуэкІыным хуэщІа компьютер Іэмэпсымэ 1303-рэ кьыгъэрахащ. ЩІэпхъаджагъэ зехьэным кьыша хэщІыныгъэу сом 1 мелардым щІигъу ирагъэпшыныжащ.

- А псоми кьыдэкІуэу, екъулІэныгъэхэм кьыщынэмыщІауэ, зэфІэха мыхьуа гугъуехьхэр зэрыщІэмэ гу льытапхъэщ, - кьыгъэлъэгъуащ Васильев Сергей. - Экстремизмэмрэ терроризмэмрэ и кІэм нэсу кьыз-эпыуда хьуакъым. Бандэ гупым и пащэхэм жьыдэжру пропагандэ лэжьыгъэ ирагъэкІуэкІ абыкІэ я сатырхэр кьагъэщІэращІэу. Республикэм и курыт еджапІэхэм ящыщ зым и 11-нэ классым щеджэ ныбжьыщІэр бзаджащІэхэм я щІэгъэкъуэну сэтей кьащІащ. Экстремист Іуэхум кьыхураджэу 7 кьыщІагъэщащ.

Полицейхэм кьалэн щащІащ властым и органхэм, кьарузехьэ ІэнатІэхэм, жылагьуэ зэгухьэныгъэхэм, дин Іуэхущ1апІэхэм хуаІэ зэпыщІэныгъэ-зэдэлажьэныгъэр нэхъри ирагъэфІэкІуэну, дин экстремизмэм жылагьуэр щыхьумэным теухуауэ зэфІэхыпхъэ Іуэхуэгъуэхэр зэгурыІуауэ яубзыхуну.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Хьэсанэ Руслан** коллегием кьрихьэлІаХэм зацыхуигъаззм Кьэбэрдей-Балькъэрым щыпсэуХэм я щынагъуэнщагъэр кьыззззыгъэпэщ кьэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ органхэм я лэжьакІуэхэм кьаруушуэ зэрагъакІуэкІынир кьыз-эпыудыныр, бандитхэр зыхэпсэуКІым ямыІэу кьэгъэнэныр.

Министрым игъэващ хабзэншагъэкІэ Іэщэ, наркотикхэкІэр зэрагъакІуэкІынир кьыз-эпыудыныр-кІэ лэжьыгъэр нэхьри щІагъэхуэбжьэну. Министерствэм и унэтІныныгъэ нэхъыщхьэу кьиргъэльэгъуащ коррупцэм, бюджет мылъкур зытемыуХуа льэныкъуэкІэ кьыщагъэсэбэпынным, ЖКХмрэ гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ я ІэнатІэхэм криминалыр кьыщыз-эпыудыным пэщІэтынир.

- Ялэ ильэс ныкъуэм цІыху кьуэд зэкІуэлІа щэнхабзэ Іуэхугъуэхэр щагъэкІуэкІым хабзэмрэ жылагьуэ щынагъуэнщагъэмрэ кьыщыз-эпэщыщынмкІэ правовой, кьыз-эгъэпэщыныгъэ лъабжьэхэр.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Хьэсанэ Руслан** коллегием кьрихьэлІаХэм зацыхуигъаззм Кьэбэрдей-Балькъэрым щыпсэуХэм я щынагъуэнщагъэр кьыщыз-эпэщыщынмкІэ органхэм я лэжьакІуэхэм кьаруушуэ зэрагъакІуэкІынир кьрихьэлІэ кьаруушуэ папщІэ министерствэм и унафэщІхэм ф1ыщІэ яхуищІащ.

- Щ1эпхъаджагъэр кьыз-эгъэгъуэвыІэныр социальнэ Іуэхугъуэхэр зэфІэхыным пыщІащ,- кьыхигъэщащ Хьэсанэм.

Коллегием зыщытепсэлъыхьахэр кьыщызэщІыкъуэжьым, Васильев Сергей адэкІэ кьапэщыт, апэ игъэщІапхъэ унэтІныныгъэ зыбжанэ игъэнэІуащ.

Коллегием и зэІущІэм зэтащ КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ **Чеченов Ануар**, Суд Нэхъыщхьэм и унафэщІ **Мер Юрэ**, Урысей Федерацэм и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм и Іэтащхьэ генерал-майор **Кменный Сергей**, КъБР-м и прокурорым и апэ къуэдзэ **Жеккеев Алик**, КъБР-м Экономикэ жылагьуэ щынагъуэншагъэмкІэ и Советым и секретарь **Ешыгуауэ Руслан**, КъБР-мкІэ МВД-м и деж щыІэ Жылагьуэ советым и унафэщІым и кьуэдзэ **Туменов Мурадин**, Урысей Федерацэм и ФСКН-м, ФСИН-м я Іуэхущ1апІэу КъБР-м щыІэхэм, зыдалажьэ нэгъуэщІ хабзэхъуэ ІэнатІэхэм я лыкІуэхэр.

ДЖЫРАНДОКЪУЭ Маринэ.

●Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Іулъхьэ тын-къеІыхьным пэщІэтынир ягъэнэхъапэ

Іулъхьэ тын-къеІыхьным пэщІэтынир, абы пыщІа гугъуехьхэр нобэ гупыпэ хэха зыхуащІ унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Урысей Федерацэм и Президентым и унафэкІэ кьиштащ Коррупцэм ебэныныкІэ 2012 - 2013 гъэм тещІыхьа лъэпкъ план. Федеральнэ законым иубзыхуащ а Іуэхугъэм пэщІэтыныкІэ нэхъыщхьэу зытеІэкІыпхъэхэр ар кьыззпэлудныкІэ правовой, кьыз-эгъэпэщныгъэ лъабжьэхэр.

КъБР-м Къэрал мылъкумрэ щы ІуэхуэхэмкІэ и министерствэм коррупцэм пэщІэтынымкІэ ведомствэ программэ иІэжащ. Ар зэрыпхагъэкІым щыгъуаз дыхуищІащ министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Тонконог Анна:

- Министерствэм щолажьэ Къэрал граждан кІулъыкъущІэм и этикэмрэ кІулъыкъу зыІыгъыкІэмрэ теухуа кодекс, коррупцэм пэІэщІэным теухуа мардэ. Ди лэжьакІуэм и кьалэн нэхъыщхьэм кьыдэкІуэу, мылъку кьызыпэкІуэ нэгъуэщІ лэжьыгъэ игъэззщІэну мурад ищІмэ, абы комиссэр хоплъэ. Министерствэм и лэжьакІуэр коррупцэ Іуэхум хашэну яужь ихьэмэ, хьыбар зэрырагъащІэ езым и хабзэ иІэжщ. Апхуэдэ хьыбарри абы кьыщыгъэлъагъуахэри Іэмал имыІэу ятх, - жеІэ абы.

Тонконог Анна кьызэрыхигъащІамкІэ, Къэрал кьулыкъущІэхэм я хэхъуэм, мылъкум, абы и лъэныкъуэкІэ я кьалэнхэм теухуа хьыбар кьат. Апхуэдэуи я щхьэгъусэхэмра балигъ мыхьуа сабийхэмра я хэхъуэми щыгъуаз ящІ (ахэр иратхэ КъБР-м и Правительствэм и порталым - pravitelstvokbr.ru - КъБР-м Къэрал мылъкумрэ щІы ІуэхуэхэмкІэ и министерствэм и напэкІуэцІым).

Коррупцэм пэщІэтыным, абы и лъэныкъуэкІэ хабзэр кьызэпымыудыным ухэзыгъэгъуазэ Іуэхугъуэхэм хьихьэу КъБР-м и прокуратурэр кьрагъэблагъэу семинархэр министерствэм щрагъэкІуэкІ.

Іулъхьэ тын-къеІыхьным пэщІэтын мурадкІэ министерствэм и Іэщ1агъэлІхэм ягъэхьэзыра Къэбэрдей-Балькъэрым и щІым щыщ Іыхьэхэр зэрат щІыкІэм теухуа статья республикэ газетхэм кьытехуащ. «Къэрал мылъкум теухуа законэр зэрахъуэкІыну я мурадщ» фІэщыгъэр зиІэ тхыгъэр кьытрадзащ.

Жылагьуэм дежкІэ «дзыхь зрагъэз телефон»-м - 40-00-39 - мыхьэнэшхуэ иІэщ. Министерствэм зэпымыууэ лажьэ Іулъхьэ тын-къеІыхьным теухуа хьыбархэмкІэ Правительствэм и порталым кьыщагъэлъэгъуа «линэ пщтыр» интернет-сайт иІэщ.

2013 гъэм, адэкІи коррупцэм пэщІэтыным, а лэжьыгъэр зэІухауэ кьызэрэпэщыным министерствэм и кьарур хузэщІигъэуІуэнущ.

УАРДЭ Жантинэ.

●Жьыщхьэ махуэ

Илъэси 110-рэ зэрырикъур егъэлъапІэ

Душыджэр къуажэм иджыблагъэ яхьащ Урысейм и Президентым и хъуэхъу тхыгъэр. Путин Владимир екъуэхъуащ Щэрэдж районым и бзылъхугъэ нэхъыжь дыдэхэм ящыщ Щхьэгъэпсо Зулихьан Кьамбот и пхъум, 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м абы и ныбжьыр илъэси 110-рэ ирикъуащ.

ЗУЛИХЪАН бынипщІ, кьуэрылъху-пхъурылъхуэхэр, абыхэм кьалъхуахэу, кьатехъуКІыжахэу мы зэманым 108-рэ ящІ.

Абы кьыщалъхуа махуэм екъуэхъуну и унэ кІуащ район администрацэм и Іуэхуэхэр зезыхьэ Байсиев Хьэрун, ергъэджэныгъэмкІэ кьудамэм и унафэщІым и кьуэдзэ Ефэнды Терезэ, Аушыджэр кьуажэм и администрацэм и Іэтащхьэм и кьуэдзэ Урыс Аслъэн сымэ.

ХьэщІэхэм Кремлым кьикІа конвертыр, апхуэдэу район, кьуажэ администрацэхэм кьабгъэдэкІа фэепль тыгъэхэр зи ныбжь хэкІуэтам иратыжащ.

КъахуэкІуа хьэщІэхэм фЫщІэ яхуищІри, Щхьэгъэпсо Зулихьан яхуІуэтэжащ зауэм, зауэм и ужь лъэхъэнэм хуабжу гугъу зэрехьар. «Къэдрэ упсэун папщІэ, - жиІащ абы, - сыт хуэдэ гугъуехьри кьызэбнэкІыфу, уебэкъуэфу ущытын хуейщ». И ныбжьыр илъэси 110-рэ хъуэм, ар иджыри гурыхъэщ, гукъыдэж зиІэщ, гуапагъэ зыхэлъщ.

ХЫДЗЭЛІ Къарэ.

Щхьэгъэпсо Зулихьан

●Хьэрычэтыщ1эхэр

Псоми я фейдэ

Къэбэрдей-Балькъэрым щадэнукьым хьэрычэтыщІэхэм я хуитныныгъэхэр кьызэпауду икІи ахэр пхагъэкІыным сыт и лъэныкъуэкІи щыхущІэкъуэнщ.

КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм, апхуэдэу абы и унафэм щІэт «Бизнес-инкубатор» Іуэхущ1апІэм кьратыкІа хъыбархэм кьызэрыщыгъэльэгъуащ, щадэблагъэ зэІущІащ КъБР-м хьэрычэтыщІэхэм я хуитныныгъэхэм кьыщхьэщыжьныжьмкІэ, хабзэкІэ я сэбэп зыхэлъхэр хьумэныжьмкІэ зэдзэпэжьмэ теухуа зэгурыІуныгъэм. Лъэныкъуэхэм я мурадщ лэжьакІуэхэм ядэІэпыкъун папщІэ яхуэзфІэкІ псори зэфІагъэкІыну.

Іэ зытрадза зэгурыІуэныгъэм щыуБзыхуащ зи хуитныныгъэхэр кьызэпаудауэ кьызыпытэ хьэрычэтыщІэхэм я тхьэусыхафэхэм хэпльэну, хабзэм тету, абыхэм унафэ ягъуэтыну. Апхуэдэу зэдэлажьэнущ УФ-мрэ КъБР-мрэ мы ІэнатІэм егъэщІапІа законодательствэр егъэфІэкІуэным хуэгъэзащ.

Пархоменкэ Юлиерэ Кьыпышыкъуэ Альбертрэ кьалытэ мыпхуэдэ зэгурыІуэныгъэ жылагьуэмрэ хьэрычэтыщІэхэм я зэгуэхьэныгъэхэмрэ зэращІы-лІэн хуейуэ. Абы псоми я фейдэ хэлъэнущ

КЪЭРЭШЕЙ Элеонорэ.

●ІуэхущхьэпІэ

Щамыгъэтын папщІэ

«КъБР-м и республикэ бюджетым и хьэжьыкІэ анэ (унагьуэ) мылъкум и къэрал сертификат зрата щІыхуэхэм хуэхаха ипотекэ кредитым щхьэщатыкІыпхъэхэм щыщ Іыхьэ зэрыхуатыжьыну щыкІэм и Іуэхукіэ» 2012 гъэм фокІадэм и 26-м Къэбэрдей-Балькъэрым и Правительствэм кьиштэ Унафэ №231-1111-м ипкъ иткІэ, абы и лъэныкъуэкІэ КъБР-м и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ ІэнатІэм и уполномоченнэу Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ министерствэр ягъэуващ, апхуэдэу ипотекэ кредитым щхьэщатыкІыпхъэхэм щыщ Іыхьэ зэрыхуатыжьыну Хабзэр кьащтащ.

ИПОТЕКЭ кредитым щхьэщатыкІыпхъэхэм щыщ Іыхьэ республикэ бюджетым кьыхэкІыу зэрыхуатыж Хабзэм зэрыщыбзыхуамкІэ, ар зыхухахыр анэ (унагьуэ) мылъкум и къэрал сертификат зиІэхэу ильэситу хьуауэ Къэбэрдей-Балькъэрым зэпымыууэ щыпсэу цыхуэхэрщ.

Ипотекэ кредитым щхьэщатыкІыпхъэхэм щыщ Іыхьэ яхуэтыжьынымкІэ банк Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэзыхьынур уполномоченнэу кьыхаха -Урысейм и Къэбэрдей-Балькъэр кьудамэрщ (адэкІэ - уполномоченнэ банк).

Компенсацэ зыщІыгъу ипотекэ кредит кьеІызыхьнухэм уполномоченнэ банкым зыхуагъэзэн хуейщ. Ипотекэ щыхуэр сом мелуанрэ мин щитхум щІигъу хьунукъым.

Кредитыр кьызэращтэ хабзэм тету, анэ (унагьуэ) мылъкум щыщ Іыхьэ е ар зэрыщыту пщІэдэз взносу хальхьэ.

Уполномоченнэ банкым:

- ипотекэ щыхуэ кьызэращтэ щыкІэм щыхуэхэр хегъэгъуазэ;
- кьащтэм щыщ Іыхьэ зыхуатыжьыну ипотекэ кредит щыхуэхэм ящыхьэ. Ипотекэ щыхуэхэр ятым хуэзэ компенсацэр зэрыхъур Къэбэрдей-Балькъэрым и республикэ бюджетым кьыщалъытэн хуейщ. Ягъэува лимитыр хуэмэ, а иныъсым ипотекэ кредит ятыркъым;
- щхьэщатыкІыпхъэхэр зэрыхуатыж хабзэм тету, ихьэспщІ пІалъэкІэ ипотекэ щыхуэ яхуэхэ.

ЩхьэщатыкІыпхъэхэр зэрыхуат щыкІэр щІыхуэ кьэзыщтэ щыхуэмрэ уполномоченнэ банкымрэ кредит зэгурыІуэныгъэ щІыщэращІыпІэ зэманым хуэзэу УФ-м и Банк нэхъыщхьэм финанс иныъсым игъэувам и процент 50-р КъБР-м и республикэ бюджетым абы зэрыхилъхьэм тещІыхьауэ кьыз-эрагъэпэщ.

КъБР-м и республикэ бюджетым щыщ компенсацэ зыхухахыну щыхуэхэм я реестрым хагъэхьэн щхьэкІэ, абы мыпхуэдэ тхьилъхэр (лэжьэгъуэ тхьэмахэм и нужьей махуэм) зэІуу министерствэм иритын хуейщ:

- кьащтэ кредитым щхьэщатыкІыпхъэм щыщ Іыхьэ хуатыжьын щхьэкІэ лъэІу тхылъыр (заявленэ);
- анэ (унагьуэ) мылъкум и къэрал сертификатым и копиер;
- банкым щІитъэбыда кредит зэгурыІуэныгъэм и копиер;
- къэралым итхьну зэрыхуитымкІэ ипотекэм щІигъэбыда и щхьэхэт тхьилъым и копиер;
- банкым щІитъэбыдауэ «щыхуейм кьигъэсэбэп» и счет хэхам и копиер.

Къэралым итхьну зэрыхуитымкІэ щыхьэт тхьилъыр хэмыту, цыхуэм и документ псори щитам кьыкІэхьыкІуэ маззм щетъэжьауэ компенсацэр хуахаху щІадзэ иКІи ипотекэ кредитыр кьызэращта илъэси 10 пІалъэм кьрибыдэу кредит зэгурыІуэныгъэр нухыху маз5 кьэс хуатынущ.

ЯмыгъэІэпхъуэ мылъку кьыщІэм папщІэ щыхуэ къэзыщта цІыхуэм зыхуэфащэ тхылъ псори мазитІым и кІуэцІкІэ министерствэм Ірригъэхьэн хуейщ.

Подряд Іэмалкіэ е кьызэрагъэкІуэ ухуэныгъэ иригъэкІуэкІыным щыгъэІэ, кредит кьэзыщта цІыхуэм зыхуэй документ псори мазитІым, кьэралым итхьну зэрыхуитымкІэ щыхьэт тхьилъыр мазэ 36-м кьрибыдэу министерствэм иритынхьэщ.

А хабзэхэм темытмэ, компенсацэр хуатыркъым.

Ипотекэ кредитым техьэр мазитІым кьрибыдэу цІыхуэм имытмэ, компенсацэри хуахъуркъым.

Мазэ кьэс и 10 пщІондэ ипотекэ кьэзыщта, хуэзэ процентхэр зыта цІыхуэхэм я реестрыр уполномоченнэ банкым министерствэм Іэрегъэхьэ.

ЦІыхуэмрэ уполномоченнэ банкымрэ я тхьилъхэр я лъабжьэу, компенсацэр зэрыхухах щІыкІэр министерствэм кьепщытэ, КъБР-м и республикэ бюджетым щыщу щхьэщатыкІыпхъэхэр зыхуагъэфащэхэм я спискхэр егъэхьэзыр икІи отчет щІыгъэм кьыкІэтыкІуэ маззм и 25-м фІэмыкІыпу республикэм Финансхэмкіэ и министерствэм ахэр ирет.

КъБР-м Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Ябгэжьыкъуэ Тимур и фольклор

Москва щылажьэ программист Ябгэжьыкъуэ Тимур Бахьсэн щыналъэм щыпсэу цІыху зачиифІэхэм сайт кьахуэзэфІуихащ.

«АПХУЭДЭ гукъэкІ ильэсибгъу апэ сщІат, сыступенту Бахьсэн сыдэсу. «http://baksan.ru/» доменыр кьышыщсщхуари абы щыгъуэщ», - жеІэ сайтыр кьыззэзыгъэпэщам.

А зэманым [illegible] хьэрычэт Іуэхум и хуэфащэ [illegible] Іуэхуэн социальнэ хуа сайт мыин, цІыхуэхэр хьууэ. Ауэ Іуэхум пэрымыхьэ щІыкІэ, и щІэныгъэм хигъэхъуэну, лэжьэну Москва кІуащ.

Зэман дэкІри, ящІыну зыхуея сайт кьызэрыгъэкІым зэригъэужьащ. Щ1алэм кьызэригъэпэщащ бахьсэндэ зэчиифІэхэм, хэльэт зиІэхэм я творчествэр щагъэхьэну. Я мурадщ, сайтым хэту, гъащІэм и лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэм ехьэлІа чэнджэщхэр щыбгъуэт яублэну.

Программистым и гукъэкІыр диІыгъащ Бахьсэн щыналъэ администрацэм икІи чэнджэщ щхьэхуэхэмкІэ дэІэпыкъуэгъу хьуну абы и мурадщ.

АЛОКЪУЭ Ариэ,
Бахьсэн районым и щыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

●ЩІэ

МахуэлІ Хьэзрэталий и текІуэныгъэ

●Зэхьэзэхуэ

Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым иригъэкІуэкІа «ФІэкІыпІэнщэ пенсэ страхованэмкІэ 2012 гъэм и страхователь нэхъыфІэ зэхъэзэхуэм «ЦІыхуэр ІэнатІэкІэ къыззэыгъэпэщым и лэжьакІуэхэр 100-м нос» унэтІныныгъэм щытекІуэхэм ящыщщ «Кавжидстрой-1» ООО-м и унафэщІ МахуэлІ Хьэзрэталий.

УРЫСЕЙМ и Пенсэ фондым и Правленэм и Іэтащхьэ Дроздов Антонрэ УФ-м и Пенсэ фондым и кьудамэу КъБР-м щыІэм и тхьэмадэ Щауэжь Хьэсэнбийрэ я Іэ зыщІэлъ дипломыр текІуэныгъэ зыІэрызыгъэхьа МахуэлІым иритыжащ Дзэлыкъуэ районымкІэ кьудамэм и унафэщІ Мамбэт Люсэ.

- Зэпеуэм кьрикІуахэр щызэхалъхьэжым кьалъытащ лэжьакІуэхэм ику иту ират улахуэр зыхуэдизыр, ирикъуу икІи и чэзум фІэкІыпІэнщэ пенсэ страхованэмкІэ взносхэр страхователым зэритыр. МахуэлІ Хьэзрэталий зи унафэщІ предприятэм а псори щыльагэщ. Страхователь псори абы хуэдэу я лэжьакІуэхэм я кьэкІуэну пенсэм егупсысу щытамэ, ар хьэрэмнэт, - жиІащ Мамбэтым дипломыр щритыжым.

БЖЬАХЪУЭ Маринеттэ,
Дзэлыкъуэ муниципальнэ куейм и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

● Гу зылъытапхъэ

Дунейпсо Адыгэ зэхуэсым и Унафэ

Дэ, адыгэ лъэпкым и лIыкIуэхэр, Дунейпсо Адыгэ Зэхуэсым хэтхэр икьуиКI дытогуэвэрыХ Сирие Хьэрып Республикэм (СХьР) иджыпсту щекIуэхьэм. Правительствэм и дзэхэмрэ оппозицэмрэ Iэщэ яIыгъыу ильэсиТIым щIигъуауэ зэпсэуэнщIэтым кьыхэкIыу цыхьу куэд зэкIуэдащ, зэтекъутэныгъэ инхэр щыIэщ. Цыхьу минищэхэм псэупIэрэ мылькурэ ямыIэжу кьанэрэ, IэмалынщагъэкIэ къэралым икIын хуей хьуащ. Дунейпсо хабзэкэрэ кьыхэпаудэ, кьыхэрыгуэкI цыхухэм зэранигъэ емытыныкIкIэ конвенцэхэр ягъэзащIэркъым. КьыхэрыгуэкI цыхууи дзэм хэтхэм ящыщ хэкIуадэхэр зэпымыууэ нэхъыбэ мэхъу.

Апхуэдэ щытыкIэм Сирием щIипсэу адыгэу ди хэкуэгъуэ къэтлытэхэр зэрыщIэту текIуэдэнкIэ хьунущ. Ахэр а къэралым щIипсэу лъэпкъ кIэщ цIыкIухэм ящыщым, зэгъэшIэрауэ зэхуэу лъэныкъуитIми зыкIи кьрадзэркъым. Псом хуэмыдэу уегъэгъзабэ СХьРми зэрыщыту КъуэкIыпIэ Гъуэнэгъуми лъэпкъ зэпэщIэтыныгъэр щыIэщIэгъэстынымкIэ адыгэхэр кьалэсэбэлъэныгъуэщIжкъуэм. Зауэм зэрызиубгъуэм кьыхэжIыу, ди лъэпкъэгъуэхэм я гъащIэм шынагъуэшхуэ кьытохьэ.

Урысей, дунейпсо зэгухьэныгъэхэм Сирием иджыпсту щекIуэкIэхэр гуманитар гуэвэгъуэшхуэу кьалытэ. ООН-м кьихь бжыгъэхэм ятепщIыхьмэ, нобэм ирихьлIэу СХьР-м и цыхуу дэIепыкъуныгъэ хуэныкъуэхэм я бжыгъэр мелуани 8-м ноблагъэ. Къэралым и адрей цыхухэми хуэдэу, ди лъэпкъэгъуэхэм рескъыщ, зэфэну псыр, хущхьуэхэр, сабий шхынэр, Iэбэм нэхъ зыхьеиину хьэпшыпхэр яхурикъуркъым.

Дэ сыт и лъэныкъуэкIи дыдоIыгъ Сирием щыIэ щытыкIэм залымыгъэ хэмыту зэпэщIы щыжиным хуэунэтIауэ Урысей Федерацэм иригъэкIуэкI политикэр. Дэ щэч кьытетхьэрккым Сирием и къэрал кIуэцI зэныкъуэкъым нэгъуэщI кьэралхэм я дзэкэр зэныкъуэныгъэрнар Урысейм и унафэщIхэм зэпэлыпытауэ икIи текIмиIэу ирагъэкIуэкI политикэм зэрифыщIэм. Зи фIэкIыпIэ зимыIэ Iуэхущ, зэныкъуэкъуэхэр дипломатием и Iмалхэмкъэ зэгъэкIуэкиным и лъэныкъуэкIэ, хауэ дытогуэзвэлых;

Урысей Федерацэм и цыхуэ зэрыщIэтыр зэрыщIэту текIуэдэнкIэ хьунущ. Ахэр а къэралым щIипсэу Iыхьлэ кIуэцIхэм я лъэныкъуэкIи щыIэ Iыгъуу зыдэлъ Сирием щIипсэхэм дадэIепыкьуну тхьидэ кьалэн кьыхэрыдгъэдэхуэр кьыдгуроIуэ икIи цыхум и хуитныныгъэ нэхъыщхьэм - псэуну иIэ хуитныныгъэм тещIыхьауэ - лъэIукIэ захудогъаэ

Урысей Федерацэм и унафэщIхэм:

Сирием щыщ ди лъэпкъэгъуэху Урысей Федерацэм кьэIэпхъуэжыну хущIэкъуэм зыщIагъэкъуэну;

абыхэм Урысей Федерацэм нэхъ тынщу кьрагъэхьэныкIэ, урысей виэзхэр кьахуэхьэлъыныкIэ икIи Урысейм и гражданствэ етыныкIэ, щтапIэ ихьэжахэм я статус яхуэгъэувыныкIэ ядэIепыкъуну.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм, Адыгэ Республикэм, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм, Краснодар, Ставрополь крайхэм я унафэщIхэм:

нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуу зи адэжь щыIалъэм къэIэпхъуэжыну хущIэкъуэм ядэIепыкъуныкIэ зыщIэлъэкъуэну;

адыгэ лъэпкъым я зэгухьэныгъэхэм, жылагъуэ, цIыхубз, щIалэгъуалэ организацIэхэм зи адэжь щIыналъэм кьызыгъэзэжа ди лъэпкъэгъуэхэм гульытэ хуащIыну;

Iуэхущапlэхэм я унафэщIхэм, бизнесым и Iэнатlэм гъэрытхэм - Сирием кьиIэпхъуэкIыжахэм папщIэ лэжьапlэ Iэнатlэхэр иратыну.

Дэ пIалъэ пIуухьикIам темыщIыхьауэ мыльку, ахъшэ зэхуэтхьэсынущ Сирием щыпсэу адыгэхэрэ абхьэхэм ящыщу зи адэжь щIыналъэм кьэзыгъэзэжахэмрэ гуманитар дэIепыкъуныгъэ еттын папщIэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и зэIуIэм кьыщаутащ. Налшык кьалэ, 2013 гъэ, мэкъуауэгъэцэм и 29

Псэм зыщигъэпсэху щIыпIэ

● Дэ кьытхуатх

Мэкъуауэгъуэм и 6-м Зекиъуэ дызэрыщIэкъуэхьапIамрэ абы щыслъэгъуэ хабзэ-нэмысымрэ сыхуейт я гугъу фхуэсщIыну. 1953 гъэм а къуажэм 10-нэ классыр кьыщызыуха щIалэ гупырщ - Къаскъул Iэубгъчыр, Хьэцыкиу Мухьэб, Мэршэнкъул Хьэсэнбий, Щомахуэ Алибэч, Къуэдзокъуэ Хьэсэн, Къумыкъу Абдулэхь сымэщ - апхуэдэ дзрэжэгъуэ кьыддэзытар.

ЗэКIЛАССэГЪУХЭР езыгъэджауэ, нобэ псэужу Дыкьынэ Хэмидэ, Куп Абдулчэрим, дэ хьыбар кьыдагъащIэри, икьукIэ зэIущIэ гуапэ тхуэзхашащ. Абдулчэрим нэкIуэфакъым, и шыпхъу дунейм ехьажауэ ирихьлIэри, мыдрей дэ тIум машинэ кьытхуагъакIуэри, дэнэ даша фи гугъэрэ?! Нэхъ щIыпIэ дахэ сымыльэгъуэ, Аргъеикъуэ ауэым Щомахуэ Хьэсэнбий дищIыхьа гуэлым. Дунейр сыт хуэдизу хуабэу щытами, абы щыщIыIэтыIэщ, хьэуар щыкъабзэщи, уи псэм йодэхащIэ, зи Iуфэ уIус бгыпс уэр цIыкIум и макъыр къоIущащэ. А щIыпIэ зэвыр дауэ кьигъэIуриущIа жыпIэу, бгъэщIагъуэу гуэл зэхуэмыдэхэр щыIэщ, бдзэжьей хэзу хэсщ. Щомахуэ Хьэсэнбий гъэщIэгъуэну кьытхутепсэлъыхьащ абы щыIэ щIыпIэпсыр зыхуэдэмрэ гуэлхэм хэс бдзэжьейхэр зэрагъэхъуэхэмрэ.

Сэ си щIалэгъуэу, Зеикъуэ курыт школым егъэджакIуэу сыщыщIалажьэм, мы Аргъеикъуэ псынэжьмэ Гъндэжьей куэдрэ сыщещIу щытащ, ауэ Щомахуэм згъэщIэгъуаи зэхьдигъэхащ. Псы уэр цIыкIум дыхэплъэу нэпкъым дытетщ. Iуфэм Iуль мывэхэр Хьэсэнбий сигъэльатъуурэ кьыхэкIэ: «Мы мывэжьхэр си Iэкlэ мо псым кьыхэсхащ. Ахэр здыхэлъам деж иIа архуэанэм и макъыр ужьыхащ, псы цIыкIум и макъми зихуэжащ. А мывэр псым хэплъхьэжмэ, макъ къэIуныр нэгъуэщIщ». Ар композитор Iэ ззу щымытамэ, мывэхэмрэ псымрэ зыгъэIу даущ макъхэр макъамэу зыхихыфынт?!

... ЖЫГ ЩIАГЪ жьауэм Iэнэ берычэт щагъэувам Iэфlу дыздэщысащ дезыгъэблэгъахэмрэ нэхъыжьитIымрэ. Си гур щигуфIыкIат абдеж нэмыс щызэрахьам. ЕкIуэ-ощхъу Къаскъул Iэубгъчыр Iэнэ хабзэм кIэлъыплъащ, нэхъыжьхэри дигъэгушхущ. А махуэм зэхэтха уэрэдыжь, гушыIэ, макъамэ, нэгъуэщIхэри гукъынэж защIэ сыщыхуащ. Щедгъэджа зэманхэм теухуауэ, зэкIассэгъуэхэм ягу куэд кьагъэкIыжащ, уеблэмэ щэхуу щытаи хэту. Лъэпкъ литературэм и мыхьэнэми, Псынабэ, Кьэрэ-Су, Дагестаныр, Армением, Босниемрэ Герцеговинэмрэ, Франдзым, Америкэм и Штат Зэгуэтхэрэ, нэгъуэщI къэралхэми щыщу фильмым епIащхэм ар кьаэзэрыщыхъуам теухуа тхыгъэ кьыхуагъэхьащ.

«Дыщэ хуэрэджэ» кинофестивалым «Лъагъуныгъэм и хъэпкIэ» фильмыр нэхъыфIу кьыщалъытэри, зэпеуэм и саугъэтыр кьыхуагъэфэщащ, кино гуэрэджэм хэлъхьэныгъэфI зэрыхуищIам папщIэ. Апхуэдэ саугъэт адыгэхэм ящыщу япэу зратар Жэман Аминэщ. Фильмыр фестивалым тIэунейрэ щагъэльэгъуащ. «Москва» кинотеатрым и залышхуэмрэ фIыуэ зэрылъагъуэхэм я парк «Погосян и хадэхэр» зыфIащамрэ.

Фестивалым и гугъу пщIымэ, ар режиссер цIэрыIуэ Хачатурян Харутюн, кинокритик Арутюнян Сусаннэ, сценарист Стамболцян Михаил, режиссер Этоян Атом сымэ 2004 гъэм кьыхэзэрагъэпэщащ. Зэхыхьэр илъэс къэ ирагъэкIуэкI. Абы щызэхуос кино гъуэгуанэм фIыуэ хэзыщIыкI режиссерхэр, дуней псом и артист цIэрыIуэхэр. Мы зэхыхьэм фильм 120-м щыхэплъащ. Абыхэм къэпщIагъуэхэм кьыхаха лэжьыгъи 100-м щыщу саугъэтыр зыхуагъэфэщар 20 къуадейщ. Зэхыхьэм и хьэщIэ лъапIэу щытащ дуней псом щыщIэрыIуэ Азнавур Шарль, режиссерхэу Сабо Иштван, Зайдл Ульрих, Стеллинг Йос, Реджио Гадфри. Саугъэтыр кьызэрыльагъэсам кьыдэкIуэу, Аминэ и гуапэ хъуащ апхуэдэ цIыху цIэрыIуэхэм я зэхьхьэ гукъинэжьым зэрыхэтар.

Ди лъэпкъэгъу хьыпсым и мывэмрэ абы и лъабгагъэмрэ ящыщ ежьэжь хуэхьмрэ зыщIэлъэкIыжьыну укъоIуэбжь, апхуэдизкIэ мащIэщ хащIыкIри. Ди Iэ зэрыттхьащI, дызэфэ, дызэрыщащIэ бжьамиипсыр щIыхум сэбэн кьыхуэхъун щIыпIэпс дызыхьхьэкIырщ. Ди щIыпIэм кьыдитыр пэжу кьыдгурыIуэмэ, псым дэж щегъэжьауэ ди гъащIэм кьабзагъэр тепщэ щытщIмэ, узыльэмыIэсынжэнт бзуу кьыгфIэщI насыпри нэхъ гъунэгъу хъунущ - аращи си кьэхутэныгъэхэм я лъабжьэр. Си гуапэ хъунут фи Iэгъуэблагъэм кьыщывгъэсэбэн псым и кьабзагъым арэзы фыкьищI-фыкьимыщIы, ди псыежхэхэмрэ псынэпсхэмрэ кьабзэу зэрытхъумэным теухуа фи Iуэху еплъыкIэхэр газетымкIэ кьысльэвгъэIэсмэ.

ГОРЛОВ Александр.

● Шапсыгъ

Шахэ и къуэладжэм дэт «Жыгеижь»

Тенджыз ФIыцIэ Iуфэ Iус Шапсыгыр фIыуэ зыльагъуэхэм Шахэ и псыхъуащхьэхэм тхьыда-этнографие зекIуэ къыщызэрагъэпэщащ.

- Ар зэдгъэхъулIэныр куэд щIауэ си хъуэпсапIэт, - жеIэ Адыгэ Республикэм и Къэрал Совет-Хасэм и депутат, «Нэху» къэфакIуэ ансамблым и унафэщI, мы Iуэхур къезыхьэжьа ЩIымыт Мыгъудин. - ЗекIуэм зыхуэфбгъэхьэзырыр ноатэкъым нэхъ гугъур, атIэ абы зэман къыхуэбгъуэтынырт. Ауэрэ здекIуэкIым, дигу къэкIащ зэхэзекIуэныр Кавказ зауэр зэрэхуэрэ ильэс бжыгъэ щрикъу мазэм иредгъэхьэлIэ зэрыхъунур. Абы ди зекIуэм хэта дэтхэнэ зыри нэхъ куужу иригъэгупсысащ лъэпкъым и блэкIам, и тхьидэм нэхъри пщIэ лей хуищIурэ къэкIуэкIын зэрыхуейм.

Iуэхум и зэхэублакIуэ ЩIымыт Мыгъудин и адэжьыр Шапсыгъым исащ, Кавказ зауэжьыр къемыжьэ ипэ «ЩIымыт сэ уажьэ» жаIэу шапсыгъ зыльэ щыIащ (иджы тенджыз ФIыцIэ Iуфэ дыдэм Iутщ уэрысыбзэкIэ «Чемитоквадже» зыфIаща урыс жылагъуэ цIыкIу). Езы Мыгъудин и анэшэри ШахэкIеишхуэ (Кичмай Ин) дэсщ.

И благъэхэм я деж зэщIыпIэм, Мыгъудин Сочэ, ТIупапсэ куейхэм адыгэ къуажэу исыр кьыхэхкIухьащ, зи пашэ «Нэху» ансамблри мызэмытIэу здришэжьащ. Езым и ныбжьэгъуэхэм къищынэмыщIа, ЩIымыт и фIыгъэкIэ ШахэкIеишхуэ щIэх-щIэхыуэрэ зыщIэщIэ Тыркуем, Сирием, Иорданием, Германием, Швейцарием, Израильм, США-м щыпсэу адыгэхэри. Шахэ и псыхъуащхьэхэр зэщIэзыгъэхьэну зи гуращэу ежьа гуупым абыхэм ящыщ зыбжани яхэтащ.

- Мы щIыпIэр тхьидэ и лъэныкъуэкIэ телыджащэ, - и Iуэху еплъыкIэр къеIуатэ ЩIымыт Мыгъудин. - ЛIэщIыгъуэкIэрэ ШахэкIеишхуэ Уфыкьымрэ я гъунапкъэу щытащ. Илъэси 150-рэ кIэщIэ мы къуэладжэм къуажэ 70-м щIигъу дэсащ. ТIуащIэр къэзыухъурехь Iуащхьэхэмрэ мэзэкъэрэ мы щIыпIэм щыпсэууэ щыта адыгэхэмрэ аптIэхъуэхэмрэ (убыххэр) иджыри къыздэсым «я нэгу» щIэтщ. Ахэр мы щIыпIэм щыпсэуа лъэпкъхэм я щхьэм кьрикIуа гуэзвэгъуэм ноби и щыхьэтщ.

Зэманым щысхь жьхуаIэр ищIэркъым: кьытхуемыгъэзэжьну лъэпкъым и блэкIам щыщ куэд тфIэкIуэдащ. Ауэ ноби дэ диIэщ тенджыз фIыцIэ Iуфэм щызекIуэу щыта щIыпIэцIэхэмрэ абыхэм япыщIа хъыбарыжьхэмрэ кьэзыIуэтэжьыфын цIыхухэр.

ЗекIуэм ипэ кьинхуэу Иорданием кьыкIри ШахэкIеишхуэ къэсащ Иорданием щыпсэу Хьурмэ Хьэсэн. Зи ныбжьыр илъэс 76-м нэса лIым бгым дэкIыну эрримурадыр быдэу жиIащ. Хьурмэ Хьэсэн абы нэхъри щытегушхуар Кичмай Ин дэс и благъэхэу Хьурмэхэ Русланрэ ЩIихьмызрэ яхуэза яужькIэщ. Ахэр, абы ящэкIэ зэи зэхуэмызами, куэд щIауэ зэрыщIыхум хуэдэу, Хьурмэхэ я лIакъуэм и къекIуэкIыкIами, зэрыщыту адыгэ лъэпкъыр кьызэтенэн папщIэ кьыпIэщIилъ Iуэхугъуэхэми тепсэльыхьу куэдрэ щысахэщ.

ЗекIуэлI гупым, Хьурмэ Хьэсэнрэ ЩIымыт Мыгъудинрэ кьищынэмыщIа, яхэтащ Кфар-Камэ Израиль адыгэ къуажэм кьыщыхъуа, хьэрычэтыщIэ икIи жылагъуэ лэжьакIуэ жыдэжр Нэпсо Нихьэт, Адыгэ Республикэм и Къэрал Совет-Хасэм и депутат Щауэ Аскэр, Энэм жылэм и унафэщI Хьэутекъуэ Хьыдзыр, зэзэрычэтыщIэ икIи псапащIэ ЩIымыт Алий, Ахынтам шапсыгъ къуажэм щыщ Хахуэ Алик сымэ, нэгъуэщIхэри. Абыхэм гъуэгугъэлъагъуэу яIар ШахэкIеишхуэ щыщ нэхъыжьыфI Ныбэ Батырбийщ.

- Пэжыр жыпIэмэ, дэ, зекIуэ гъуэгу теуважэм, Батырбий хуэдэм гъуэ кьыдзэ кьыдзэрытхуэхъуэмкIэ хуабжьу ди кIэн кьикIауэ кьэтлытэрт, - жеIэж ЩIымыт Мыгъудин. - Абы и гъащIэм и нэхъыбэр Сочэ дэт лъэпкъ пархым щитэкIуащ. Ар адыгэхэм я блэкIар зыфIэгъащIэгъуэну зыджыж дэтхэнэ зым и дежкIи цIыху лъапIэщ. Батырбий щыпсэу щIыналъэм и щIыпIэцIэхэмрэ абыхэм япыщIауэ къекIуэкI хъыбарыжьхэмрэ фIыуэ щыгъуазэщ. Зи ныбжьыр илъэс 82-рэ хъуа Батырбий ноби цIыху узынщэщ, Iэчъэчщ, бгъэщIэгъуэн бжьыфIагъи бгъэдэлъщ. Абы бгылъэ щIыпIэхэр щIэх-щIэхыуэрэ шууи лъэсыуи къыщэхекIухь.

Мыгъудин эрэмкIэ, Батырбий сыхьэт бжьыгъэкIэ пхутепсэлъыхьыфынущ ди адажьмэ псэуIэну зэрахьэу щытамэ, Шахэ псыхъуэ и кIыхьагъкIэ дэнэ и деж сыт хуэдэ адыгэ, аптIэхъуэ жылэ дэсами. Апхуэдэу гупыр КIыщмахуэ, Бихьуей, Хьэгуэнэщ адыгэ къуажэхэр здиту щыта щIыпIэхэмрэ лъэуэгуэдэу яIа жыгъыжьми нэсащ. «Жыгеижьым» иджыпсту урысхэр «Царь-Дубэ»-кIэ йоджэ. Абдежьым ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм, убыххэм хасэхэр щрагъэкIуэкIыу икIи я тхьэелъэIупIэу щытащ.

Гъуэгум щалъэтуэ, щызэхаха псори видеокамерэм ирагъэтхащ. Абыхэм хэзэс адыгэхэри ещхьыжьыф хъуэу кьыдзэрагъэпэщынущ. КьищынэмыщIауэ, мы зекIуэм техуэха хъыбархэр Интернетми иIыныщ.

НЫБЭ Анзор.

Къэбэрдей-Балкъэрым ис лъэпкъхэм я дахагъэр

«Урысейм и псы кьабзэ» - арат Екатеринбург гъэтхэм щекIуэкIа дунейпсо зэхуэсым зэреджэр. Абы и лэжьыгъэм хэтащ «Мелеста» Iуэхущапlэм и дежьакIуэ папщI Головко Александр.

- «Къэбэрдей-Балкъэрым ис лъэпкъхэм я дахагъэр» фIэщыгъэм щIэту ятыку кьысхьа лэжьыгъэмкIэ кьызэхуэсахэм гу лъэгъэтэну сыхуейт Кавказым и щIыуэпсым зыми хэмыгъуэщIну хэль къарумрэ абы и псым иджыри къэс кьызэIуамыхауэ ихъумэ хъугъуэфIгъуэхэмрэ. Ди щIыпIэм псым пщIэуэ щиIэр къегъэлъагъуэ адыгэхэми балъкъэрхэми я кьуажэщIэхэм: Псынэдахэ, Псыхъурей, Псынабэ, Кьэрэ-Су, Джилы-Су, нэгъуэщIхэми.

Цыхухэм захуэбгъазэурэ псым и мывэмрэ абы и лъабгагъэмрэ ящыщ ежьэжь хуэхьмрэ уапщIэ псэхьыхькIэ укъоуIэбжь, апхуэдизкIэ мащIэщ хащIыкIри. Ди Iэ зэрыттхьащI, дызэфэ, дызэрыщащIэ бжьамиипсыр щIыхум сэбэн кьыхуэхъун щIыпIэпс дызыхьхьэкIырщ. Ди щIыпIэм кьыдитыр пэжу кьыдгурыIуэмэ, псым дэж щегъэжьауэ ди гъащIэм кьабзагъэр тепщэ щытщIмэ, узыльэмыIэсынжэнт бзуу кьыгфIэщI насыпри нэхъ гъунэгъу хъунущ - аращи си кьэхутэныгъэхэм я лъабжьэр. Си гуапэ хъунут фи Iэгъуэблагъэм кьыщывгъэсэбэн псым и кьабзагъым арэзы фыкьищI-фыкьимыщIы, ди псыежхэхэмрэ псынэпсхэмрэ кьабзэу зэрытхъумэным теухуа фи Iуэху еплъыкIэхэр газетымкIэ кьысльэвгъэIэсмэ.

ГОРЛОВ Александр.

● Хъыбар гуапэ

Дыщэкl Софье и зэфIэкIыр Сицилием щегъэлъагъуэ

Бахьсэн районым хыхь Куба къуажэм щыщ, зи ныбжьыр ильэс кIуэ дыщэкI Софье «Зэчифбгъэхэр фыкъыдогъэблагъэ» зыфIаща дунейпсо фестиваль-зэпеуэм пашэ щыхъуащ. Ар щекIуэкIар Италиием (Сицилие хьIыгу) и Палермэ кьалэм и зы хьэщIэщырщ.

Фестиваль-зэпеуэм зыкъыщызыгъэлъэгъуа уэрэджэныкIуэхэм Европэм и цIыхухэр ептIащ. КъэпцIыткIиу гупым хэтащ Италием и уэрэджэныкIуэ Аль Бано, Узбекистаным щIыхь зиIэ и артисткэ Нурмухамедовэ Наталье, Къэрал Академие Театр Иным и солистка Зыковэ Дарье, «Зуриал» Виаджи» Iуэхущапlэм и унафэщI Лаура Фермэ Альфио, нэгъуэщI цIыху цIэрыIуэхэр.

«Хъыку ихьэным и пэ кьихуэу, си хьыджэбз цIыкIум и гум щыщIахэр псаплэкIэ къэIуэтэжыгъуейщ. Къамылым хуэдэу лантIэ Софье зигъэкIэрахъуэу утыку итащ, къафэжьхэр щагъэлъагъуэ Iыхьэм зыкъыщыщIгъэлъагъуэм. УкIэлъыплъыну гуапэт Куба къуажэ жыжьэм щыщ хъыджэбзым зэпеуэм зыкъэрезыгъэхьэлIэхэмрэ къэпцIыткIиу зэрыщIэкъуэ-зэрыщыхъым», - къеIуэтэж Софье и анэшхуэ Ныр Мадинэ.

КьызэгъэпэщащкIуэ гуным хэтхэм Дыщэкl Софье и зыкъэгъэлъэгъуэкIэр нэхъыфIу кьалъытащ. Ар Италиием зэрыщыщIам кьриубыдэу тIэунейрэ утыку ихьащ. «Саугъэт хэха» Iыхьэм Софье щIыхь тхьылъ кьыщыхъуэгъэфэщащ, «Дебют» саугъэтымрэ фэеплъ кубокымрэ тыгъэ кьыхуащIащ.

Хъыджэбз щыкIыр ягъэсэ Нэхущ Маринэрэ Таценкэ Татьянэрэ. ГъэсакIуэхэм зэфIэкIрэ къарууэ ябгъэдэлъыр сабийхэм зрагъэжьыным хуэунэтI. Дыщэкl Софье зэфIэкI лъагэ зэриIэр Палермэ кьалэм нахуэ щыхъащ.

● Гъуэзджэ

«Дыщэ хуэрэджэм» и саугъэт нэхъыщхьэр Жэман Аминэ къехь

Иджыблагъэ газетеджэхэм зи гугъу ныфхэзатщIа «Лъагъуныгъэм и хъэпкIэ» фильмым и сценарийр зытха икIи абы роль нэхъыщхьэр щызыгъэзэщIа композитор, уэрэджэныкIуэ, усакIуэ Жэман Аминэ и дэжьыгъэр Армением и Ереван кьалэм щекIуэкIа «Дыщэ хуэрэджэ» кинофестивалым нэхъыфIу къыщалъытащ.

«ЛъАГЪУНЫГЪЭМ и хъэпкIэ» фильмыр Нью-Йорк, Москва, Налшык кьалэхэм, Армениим щагъэльэгъуащ. Кьыхэгъэщыпхъэщ, ар куэд дыдэм, ягу зэрырихьари. Нью-Йорк ятеп щыщагъэльагъуэм, абы еплъыну гукъыдэж зиIэ псори пэшым щIэхуакъым. Араш етIуанэу кьыщIытрагъэзэжам и щхьэусыгъуэри. Армением, Босниемрэ Герцеговинэмрэ, Франдзым, Америкэм и Штат Зэгуэтхэрэ, нэгъуэщI къэралхэми щыщу фильмым епIащхэм ар къаэзэрыщыхъуам теухуа тхыгъэ кьыхуагъэхьащ.

«Дыщэ хуэрэджэ» кинофестивалым «Лъагъуныгъэм и хъэпкIэ» фильмыр нэхъыфIу кьыщалъытэри, зэпеуэм и саугъэтыр кьыхуагъэфэщащ, кино гуэрэджэм хэлъхьэныгъэфI зэрыхуищIам папщIэ. Апхуэдэ саугъэт адыгэхэм ящыщу япэу зратар Жэман Аминэщ. Фильмыр фестивалым тIэунейрэ щагъэльэгъуащ. «Москва» кинотеатрым и залышхуэмрэ фIыуэ зэрылъагъуэхэм я парк «Погосян и хадэхэр» зыфIащамрэ.

Фестивалым и гугъу пщIымэ, ар режиссер цIэрыIуэ Хачатурян Харутюн, кинокритик Арутюнян Сусаннэ, сценарист Стамболцян Михаил, режиссер Этоян Атом сымэ 2004 гъэм кьыхэзэрагъэпэщащ. Зэхыхьэр илъэс къэ ирагъэкIуэкI. Абы щызэхуос кино гъуэгуанэм фIыуэ хэзыщIыкI режиссерхэр, дуней псом и артист цIэрыIуэхэр. Мы зэхыхьэм фильм 120-м щыхэплъащ. Абыхэм къэпщIагъуэхэм кьыхаха лэжьыгъи 100-м щыщу саугъэтыр зыхуагъэфэщар 20 къуадейщ. Зэхыхьэм и хьэщIэ лъапIэу щытащ дуней псом щыщIэрыIуэ Азнавур Шарль, режиссерхэу Сабо Иштван, Зайдл Ульрих, Стеллинг Йос, Реджио Гадфри. Саугъэтыр кьызэрыльагъэсам кьыдэкIуэу, Аминэ и гуапэ хъуащ апхуэдэ цIыху цIэрыIуэхэм я зэхьхьэ гукъинэжьым зэрыхэтар.

Кинорежиссер цIэрыIуэ Стеллинг Йос и гъусэу.



Джэбзым кьызэрыджиIамкIэ, иджы ар зэлэжь фильмым тхыдэр и лъабжьэ. Абы и сценарийр кьэзырщ. Мексикэм щыщ хъыджэбзым и ролыр езым игъэзэщIэнущ, испаньбзэкIэ итха уэрэдэр щыжиIэнущ. КьищынэмыщIауэ, нэгъуэщI фильмым и сценарий етх. ЖанркIэ ар комедиещ. Аминэ кьызэрыдгъэтхьэжьащ, иджыпсту цIыхухэм гушыIэ яхэлъыжьым, ауэ ар къэбгъэсэбэпурэ, куэд пхужьIэнущ. Араш абы нэхъ щIытригъэщIар. Япэрейм хуэдэу, мы фильмэкIи инджылызыбзэщ зэрекIуэкIынур.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

БЕТРОЖЬ Валерэ:

Фыкъэпсалъэ, фыкъыщIыхьэ, сэбэп сыфхуэхъуну си гуапэщ

Зи гугъу фхуэщIыну щIалэр (ди ныбжькIэ тIэкIу я псалъэм демыкIужми, дэ иджыри зыдогъэщIа1э) сэ сэзыгъэщIыхуар си лэжьгъу икIи си ныбжьгъуфI Хьэжыкъарэ Аликщ: « Бетрожь Валерэ удэхэм кьыхэщIыкIа хущхьуэхэмкIэ Iэзэщ», - кьызжиIащ абы.

● Узыншагъэ

- КъэкIыгъэхэмкIэ жыпIэмэ, нэхъ тэмэмщ. Хущхьуэхэр жыгхэми къаэхощIыкI мэхьу, - щIигъужащ нэIуасэ схуэхьуам.

*Апхуэдэурэ дызэхуэзэ, сэлам зэтх хьуащ. ИтIанэ сегупсысащ: щIыху телъыджэ жыхуаIэр Валерэ хуэдэгуэру къыщIэкIынщ? Сэ иджыри къэсогъэщIагъуэ ар къызыхуигъэщIа Iуэхум гуэрэпсэкIэ, егъэленныгъэ хэмылъу къыхэзгъэщынщи, нэхъуеинщэу зэрыбгъэдэтыр: сыкъэткIэ, ХъыбгэкIэ тепсэльыхьыфынущ сыт хуэдэ хущхьуэр сыткIэ щхьэпэми. Езыр телъыджэу (аргуэру а псальэр къэзгъэсэбэпын хуей мэхьу) куэдым куууэ хэзыщIыкI щIыхущ. Псальэм и хьэтыркIэ, сызыгъэгъаваэ узым теухуауэ «Айболит» газет щIыкIум зэгуэр зы чиджащ сыкъыщежати, абын щыгъуэзу къыщIэкIаш: Дэнэ къыщильэгъуа е тхыгъэ кIэщIыр? ГурыIуэгъуэщ абы папщIэ узынщагъэ IэнатIэм щIэуэ къыщыхьу псоми зэпымыууэ укIэльыпIын, уи щIэныгъэм хэбгъэхъуэн зэрыхуейр.

Налшык къалэм ПащIэм и цIэр зезыхьэ уэрамым (нэхъапэм «Колос» хьэщIэщу щытам) и ещанэ къатым сыдокIуейри, 18-нэ пэшым сыщIохьэ - аращ Бетрожьыр щылажьэр. Пэщ мыныр нэхъри зэв ящI блынхэм Iугъэува шкафхэм.

Мыхэр тхылькIэ кудащ. Сэ илъэс куэд хуэдэ къэкIыгъэхэм теухуа тхыль зэмылIэужьыгъуэхэр къыщIэощэху сыздэкIуэ къалэ псоми. Ахэращ си Iэмэпсымэр хущхьуэ щIэзэхэслъхьэкIэ.

- Уэ уIэзэ, хьэмрэр удохутыр? - соущI сэ абы.

- Уэрэфхуейуэ къызэджэ. Си дежкIэ нэхъыщхьэр щIыхуэ сэбэп сыхуэхъунырщ. Ауэ мыбы гу лъэгъэтэну сыхуейт: «Дохутыр» псальэр къыщемыжьэм щыгъуи щIыхубэ IэзакIуэхэр щыIащ. Медицинэм и тхьэ Гиппократ жиIэгъащ: «Дохутырым пхуитха хущхьуэр сэбэп къыпхуэмыхьуми, зэран къыпхуэмыхьэмэ, - ари екъулIэныгъэщхущэр. Си дежкIэ сыт щыгъуи нэхъыщхьэр зэранныгъэ къэзмышэныр щ. Сэ а хабзэм тKIийуэ сытетщ.**

- Уэ щIыхьэт утехьэфыну зыми зэран ухуэмыхьауэ?

- Мы Iуэхум сызэрыхэтрэ илъэс 30-м щIидакавказ, дуней псом и нэгъуэщI щIынальэхэми щыIащ.

Гу зэрыльыфтащи, гупыр зы щIыпIэм хэхуауэ къыщIэзэтеувыIакъым. Абыхэм зыкъыщагъэльэгъуащ «Восток» кинотеатрым и утым, шхапIэхэм, ПащIэ Бэчмырзэ и щIэр зезыхьэ уэрамым тет бэзэрым пэгъунэгъуу, Лениным и уэрамми щIэх-щIэхыурэ дыщрихьэлIащ. ЗэрыуэрэджьIакIуэм къыдэкIуэу, ахэр икIи хьэрычэтыщIэхэзу къыщIэкIащ - лъэпкъ макъамэ Iэмэпсымэхэр, я уэрэдхэр щIэзэхуэхьэса дискхэр, саугIэт щIыкIуфэкIухэр ящащ.

ЩIалэхэр 4 хъурт. Ахэр Сегунда, Рафаэль, Рене, Давид сымэщ. Гупыр зэрыпсальэр я кечуя анэдэльхубзэмрэ испаньбзэмрэщ.

Налшык къэкIуа индейцхэр щIыху гуапэщ, я лъэпкъ макъамэм налшыкдэс куэд ихьэхуащ. Лъэпкъ фащэ ящыгъ ди адыгэ щIалэхэм Эквадорым къикIахэм я гъусэу сурэт зытраГъэхащ. ЗэрагъэхьыбарымкIэ, Налшык къалэм и махуэм абыхэм кьытрагъэзэнущ.

ТекIужь Заретэ.

● Бокс

Дыщи дыжьыни

Прохладнэ куейм и «Колос» сабийныбжьыщIэ спорт школым и гъэсэнитхум боксымкIэ Урысейм пашэныгъэр къыщыхьыныкIэ зэхьэзэхуэм дыщэ медали 4-рэ зы дыжьынрэ къыщахьащ.

ПСЫХУАБЭ (Пятигорск) къалэм щызэхэта зэхьэзэхуэм Кавказ Ищхьэрэ, Ипщэ федеральнэ щIыналъэхэм я спортсмен 200-м щIигъу, ильэси 8-м щыщIэдзауэ 35-м нэсу хэтащ.

Я хьэльагъ елъытауэ, зыхэхуа гупхэм я деж дыщэ медалхэр къыщахьащ КIуэкIуэ Артур, Къалмыкъ Амир, Тэмаазэ Арсен, Къупшын Алим сымэ. Кьардэн Тимур кIэух зэпеуэм и хьэрхуэрэгъур къыщытекIуэри, кьыльысар дыжьынырщ.

Категорие нэхъыщхьэ зиIэ Урысейм спортымкIэ и мастер Тэмаазэ Анзор зэрыжиIамкIэ, екъулIэныгъэхэр зыIэригъэхьащ куэдкIэ зыщыгугъ Къупшын Алим (кг 75-м нэблагъэ и хьэльагъэ). Ильэс 13 зи ныбжь Къэрэгъэщ щыщ боксерым кьэпэхьун и хьэрхуэрэгъуэхэм кьаэхэкIакъым.

ТекIуэныгъэ къэзыхьахэм медалхэмрэ кьызэгъэпэщакIуэхэм я тхьилъхэмрэ ираташ.

ГЛАШКОВЭ Еленэ,
Прохладнэ куейм и щIыпIэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

● Шахматхэр

СпортымкIэ мастерым и кандидат ныбжьыщIэ

Налшык къалэ шахматымкIэ и «Ладья» клубым щекIуэкIа зэхьэзэхуэм Май куейм щыщ шахматист ныбжьыщIэ Строганов Максим джэгуГуэм 8-м щыщу 7-р къыщихьащ, зыр зэрытемыгъэкIуауэ ихуэрп, шахматымкIэ спортым и мастерым и кандидат хъуащ.

МАКСИМ и гъэсэнщ и адэ, Май къалэ дэт курыт еджапIэ №3-м и егъэджакIуэ, Строганов Виталий. «Си щIалэм зэфIэкI бгъэдэлъщ. Ещанэ классым щIэсу абы район зэпеуэм етIуанэ увыпIэр къыщихьащ, илъэсищ дэкIри, бжьыпэр иубыдащ, иджы шахматымкIэ спортым и мастерым и кандидат хъуащ», - жиIэ Виталий.

Пэжщ, иджыкIэ Май куейм и шахматист ныбжьыщIэхэм спортым и мастерым и кандидату яхэтыр зыщ, ауэ абы хущIэкъуэрэ щыIэщ. Ахэр ятэ разряд зиIэхэу гимназие №1-м щеджэ Головчанкий Сергей, Максим и классэгъу Горохов Евгений, школ № 14-м и еджакIуэ Мамедов Маадин сымэщ.

ЮРЧЕНКЭ Наталье.

● Атлетикэ хьэлъэ

Iэмал къыхуигъэнакъым

Урысейм и еджакIуэхэм атлетикэ хьэлъэмкIэ и урысейпсо спартакиадэм и кIэух зэхьэзэхуэкIэр Пензэ къыпэм щекIуэкIащ. Къэбэрдей-Балькъэрым и спортсменитIым абы ятэ, етIуанэ увыпIэхэр къыщахьащ. Датиев Георг - дыщэ, Лысенко Сергей дыжьын медалхэр къаIэрыхьащ.

КИЛОГРАММ 69-м нэс зи хьэлъагъэм я зэпеуэм Датиевым и хьэрхуэрэгъуэхэм Iэмал гуэри къахуигъэнакъым и мызакъуэу, Урысейм спортымкIэ и мастерым и мардэхэр игъэзащIащ. Датиев Георг къэралым и ныбжьыщIэхэм я командэ къыхэхам хагъэхащ икIи Европэм пашэныгъэ къыщыхьыныкIэ зэхьэзэхуэм хэтынущ. Ар я гъэсэнщ Урысейм щIыхь зиIэ и тренер Маккаев Махътырэ Дахкильгов Чингизрэ.

Шэкэм Михаил зи тренер ди лъахэгъу Лысенко Сергей килограмм 50-м нэс зи хьэлъагъэм я деж ещанэ увыпIэр къыщихьащ.

- Дэ дыщэкIэ дыгугъащ, арщхьэкIэ зэпеуэм и пэ кьихуэу, и хьэлъагъым кIэригъэхун хуей зэрыхъуар зэран къытхуэхъуащ. Мыгувэу Сергей хэтынущ езым и деж кIэрэ тэмэм килограмм 56-рэ хьэлъагъым щызэпеуэхэм, икIи текIуэныгъэм ар хущIэкъунущ, - кьыхигъэщащ Шэкэм Михаил.

Атлет ныбжьыщIэм зыхуигъэхьэзырынущ жэпуэгъуэм Волгоград щекIуэкIыну Урысейм пашэныгъэр къыщыхьыныкIэ ильэс 18 зи ныбжь спортсменхэм я зэхьэзэхуэм.

Урысей Федерацэм и спартакиадэм къэралым и щIыналъэ 35-м я спортсмени 100-м щIигъу хэтащ.

ГъЭУНЭ Светланэ.

● Кавказ джэгухэр-2013

Налшык къапоплъэ

Бадзэуэгъуэм и 27-м Налшык и «Урысейм и ныбжьыщIэхэр» спорт комплексым щекIуэкIынущ «Кавказ джэгухэр - 2013» фестивалым и къалэ зэпеуэ.

ПРОГРАММЭМ къызэщIеубыдэ кIапсэкIэ дэщIи, хьэлъэ гъэIэпхъуэн, къэIэтын, троеборье, футбол щIыкIу спорт лIэужьыгъуэхэр. Зэхьэзэхуэм хэтыну Iэмал яIэщ командэ къыхэхахэм, я ныбжькIэ илъэс 17-м фIэкIауэ Налшык къалэ округым ильэсым щIигъуауэ щыпсэуэхэм икIи къалэм щатхахэм.

«Кавказ джэгухэм» и къалэ Iыхьэм зыкъыщызыгъэлъэгъуэну гукъыдэжзIэхэм бадзэуэгъуэм и 26 щIондэ зыщрагъэтх хьунущ мы хэщIапIэм: **Налшык къалэ, Кьыщокъуэм и уэрам, 70, каб. №20** (Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм Физкультурэмрэ спортымкIэ и комитет). Абыхэм паспортрэ страховой полисрэ я Iыгъын хуейщ. Дэтхэнэ спорт лIэужьыгъуэми и щхьэзакъуэ зэпеуэм хэтын папщIэ докутырым и Iэзыщ1эль дэфтэрхэр зэхьэзэхуэр щекIуэкIыну махуэм комиссэм ират.

Зэпеуэм сыхьэти 10-м щIидзэнущ.

● Тезырхэр щапшыныж щIыпIэхэр

Тутнакъэщым исхэр хадэхэкI къэкIыгъэхэм йолэжь.

Махуэхэр дэнэ щыкIыхьыр?

ЩIэпхьаджагъэ ящIам теухуауэ тезырыр зыпшынэм я псэукIэр зэрыхъэльэр гурыIуэгъуэщ. Дэни хуэдэу, тутнакъэщми цIыхухэр щызэщIакъым. Илъэкъм хущIегъуэжи, ар къызэрыпIэмыIуэхуи яхэтщ, ауэ псом я дежкIи лъэхъуэщIыр лъэхъуэщщ.

КъБР-м тезырхэр щыпшынынымкIэ КП-5 федеральнэ кIэрэонэ Iуэхущ1апIэу Проектнэ куейм и Советскэ къуажэм щыIэм махуэхэр щыкIыхьщ.

Тутнакъэщым цIыхуэхэм щагъуэт лэжьыгъэм тепсэльыхьащ абы и унафэщI Iутl Асльэн.

- Тезырхэр зэрагъэпщынину щыпIэм зеГъэужьыным тещIыхьауэ 2010 гъэм Урысейм и УФСИН-м и КП-5 федеральнэ кIэрэонэ Iуэхущ1апIэу КъБР-м щыIэм иубзыхуэ унафэм ипкъ иткIэ, тутнакъэм лэжьыгъэ щыдогъэкIуэкI. Ди лэжьэкIэр Европэм и мардэхэм идгъэувэну дыхущIокIу. Республикэм и Iуэхущ1апIэ куэд льхэкIкIэ, хадэхэкIкIэ кьызыдогъэпэщ. Мы гъэм Iэщу зетхуэрэ я бжьгъэм хэдгъэхьауаш. ЩIым дыз1эрытелжьыхьын тракторхэрэ зэдгъэпэщащ. Ди мурадщ щIэпхьаджагъэ зыIэжьаэхэм фIы и лъэныкъуэкIэ я гупсысэм зедгъэужьыну, я щIуагъэр къагурыдгъэIуэжьыну, дяпэкIэ абы щыхьуэм хьун щхьэкIэ. АбыкIэ сэбэп мэхьу лэжьыгъэ IэнатIэр. Пэжщ, лэжьыгъэр Iумпэм зыщIыну яужь итхэри къахокI. Ауэ нэхъыбэр псэ хьэлэлкIэ IэнатIэм пэрытщ. ЩIэлэжьэм щхьэусыгъуи яIэщ: я лэжьапIэр нэхъыбэнущ, тезырыр нэхъ щабэнущ.

Асльэн зэрыжиIамкIэ, тезыр зыпшынэм я лэжьапIэ нэхъ мащIэр сом 5, 205-рэ мэхьу. Къыхигъэщащ, зэрегъуГу елъытагъэ, сом мминищI улахуэ зыIэрыхьэхэри зэрыщыIэр.

Зэхуэдэкъым тутнакъэщым исхэм тезыр щIапшын щхьэусыгъуэхэр. Абы щыгьыщ наркотик зыщIу къаубыдаэр, дыгъуахэр, алимент зымышынэр, уеблэмэ цIыху зыиукIаэр.

Алимент зэрымытым кьыхэкIыу ягъэтIысащ Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ, зи ныбжьыр илъэс 24-рэ хьу Дровосековэ Юлэ.

- Си щхьэгъусэмрэ сэрэ дызэгурымыIуэу дызэбгъэдэжIыжа нэужь, сабийхэр езым зэришэлIащ. Лэжьыгъэ IэнатIэ сыззэрыIуэмытым кьыхэкIыу, алимент естыфыркъым. Араш тезыр щIэсхьыр. Нэхъапэхэм егъэлеяуэ кьыстехъэльэрт мыбы щесхьэкI жахуэхэр. Ауэ, хуэмурэ сесэжащ. Тхуэмыгъэкъарууи дагъащIэркъым. Мазищ къудейщ тутнакъэщым щесхьэкIыну кьысхуэнар. Хуит сыхьэжмэ, лэжьапIэ сыувыну си мурадщ. ИтIанэ, си бынхэр зэрыхъэсшэлIэжьынум яужь сихьэнущ, - жиIэ абы.

Наркотик зэрищаращ Осетие Ищхьэрэм щыщ Ахмедовэ ЛаРэ лъэхъуэщыр хэщIапIэ щыхуэхъуам и щхьэусыгъуэр. Ар пенсэм кIуащ, и ныбжьыр ильэс 65-рэ мэхьу.

- IэфыкIэхэм халъхьэ Iущхьэ зэрысщаращ сыщIагъэтIысар. СызэрыжиIэщIэм и фыгъэкIэ мыбы сыкьаГъэIэпхъуэжащ. Махуэ бжьыгъэ лъхьэущIам щыгъэжIэуну ежьаскIуэнар. Унэм кьыщысполIъэ си бынхэр. Абыхэм щIэныгъэ ябгъэдэлъщ, лэжьапIэ IэнатIэ хъарзынэхэм пэрытщ. ЩIалэ нэхъыжьыр зауэлIщ, хьыджэбзыр уэчылищ. НэхъыщIэ дыдэм 11-нэ классыр къыхуащ. Ильэс 84-рэ си ныбжь си анэрэ кьысполIъэ. Аращи, сызыхуэпIэщIэн сиIэщ.

Тутнакъэщым мыхьэнэ ин щрат психологым и лэжьыгъэм. Абы дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ кьыхуигъэтын хуейщ. КП-м а лэжьыгъэр и пщ щилъ къэрал кIэуI кьулыкъум и капитан Силкинэ Светланэ.

Тутнакъэм акъылыр зыщхьэщихункIэ зыхуэIуа щIэкъым. Апхуэдэхэр психологым и дэIепыкьуэгъу хуэныкьуэщ. Яужь ситщ псэльэгъуэм и бамплэр кьыщэрэгъэльэтэным. ИтIанэ, зэрыхьэкIэ, сэбэп сахуохьу,- жиIэ Светланэ.

ГУГЪУЭТ Зареми.

● Ди хьэщIэхэр

Сурэтхэр **ЩЫБЗЫХЪУЭ Астемыр** *трихащ.*

Эквадорми индейцхэр щопсэу

Налшык и уэрамхэм Эквадорым (Америкэ Ищхьэрэм) къикIа артистхэм зыкъыщагъэлъэгъуащ.

АРТИСТХЭР къаалэм зэрыщыIэм теуха хьыбарыр республикэм исхэм Интернет сайтхэмкIэ щIэх дыдэу къащIащ. Ахэр Налшык къэкIуэн и пэ кьихуэу, Тбилиси, Баку, Мэхъэчкъалэ, Владикавказ, дуней псом и нэгъуэщI щIынальэхэми щыIащ.

Гу зэрыльыфтащи, гупыр зы щIыпIэм хэхуауэ къыщIэзэтеувыIакъым. Абыхэм зыкъыщагъэльэгъуащ «Восток» кинотеатрым и утым, шхапIэхэм, ПащIэ Бэчмырзэ и щIэр зезыхьэ уэрамым тет бэзэрым пэгъунэгъуу, Лениным и уэрамми щIэх-щIэхыурэ дыщрихьэлIащ. ЗэрыуэрэджьIакIуэм къыдэкIуэу, ахэр икIи хьэрычэтыщIэхэзу къыщIэкIащ - лъэпкъ макъамэ Iэмэпсымэхэр, я уэрэдхэр щIэзэхуэхьэса дискхэр, саугIэт щIыкIуфэкIухэр ящащ.

ЩIалэхэр 4 хъурт. Ахэр Сегунда, Рафаэль, Рене, Давид сымэщ. Гупыр зэрыпсальэр я кечуя анэдэльхубзэмрэ испаньбзэмрэщ.

Налшык къэкIуа индейцхэр щIыху гуапэщ, я лъэпкъ макъамэм налшыкдэс куэд ихьэхуащ. Лъэпкъ фащэ ящыгъ ди адыгэ щIалэхэм Эквадорым къикIахэм я гъусэу сурэт зытраГъэхащ. ЗэрагъэхьыбарымкIэ, Налшык къалэм и махуэм абыхэм кьытрагъэзэнущ.

ТекIужь Заретэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаеэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Кьардэн Маринэ, Нэщ1ыныдзэ Замирэ, Хьжыкьарэ Аликъ, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

КъыдэзыгъэкIэхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, ебгъуанэ, ещанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; цIыхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлажьэныкIэ - 42-40-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-37-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъэмкIэ ахэр зытхахэм яэу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтекуэ зэпыту щытекIым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хунтыныгъэр хьэмрэмкIэ Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №И-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, редактору **Хьжыкьарэ Аликъ**, корректорхэу **Афэ Тамарэ** *(2, 4-нэ нап.)*, **ПхытIыкI Азэмэт** *(1, 3-нэ нап.)*, корректорхэм я лIэныкьуэгъу **Мыр-зэкъан ФатIимэ.** *КомпьютеркIэ газетым и тепIэр ящIащ* **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ,** *суратхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рэ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.178 ● Заказ №1882